ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№98 (24.068) ● 2020 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Іэтащхьэр лэжьыгъэ Іуэхукlэ щыІащ Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ щІыналъэхэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек шыщхьэуІум и 16-м лэжьыгъэ Іуэхукlэ щыІащ республикэм и Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ районхэм.

ЩІЫНАЛЪЭМ и УнафэщІым зригъэлъэгъуащ ХьэтІохъущыкъуей кІуэ гъуэгур, мы гъэм и накъыгъэм зыщІэдзэу зэрагъэпэщыжар. Абы ехьэлІа лэжьыгъэ псори зэфІагъэкІащ «КъБР-м транспорт Іэнатlэм зыщегъэужьын» къэрал программэм зэрыщыубзыхуам тету.

КІуэкІуэ Казбек апхуэдэуи щыгъуазэ зищІащ къуажэ амбулаторэм и Іуэху зыІутми. 1936 гъэм ящІа унэр зэгъэпэщыжын хуейщ. Республикэм и Унафэщlым абы теухуа лъэІукlэ зыхуэкІуагъэзащ къуажэдэсхэмрэ медицинэ Іуэхущlапlэм и лэжьакІуэхэмрэ.

ЩІыналъэм щызэгъэпэщыжын хуейхэм яхыхьэщ Зеикъуэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэр. Мыбы иджыпсту лэжьыгъэхэр щокІуэкІ КъБР-м «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» и къэрал программэм щыубзыхуахэм тету икlи Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщ илъэси 100 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырыным ехьэлІауэ зэфІагъэкІхэм ящыщщ.

КъыкІэлъыкІуэу Іэтащхьэр щыІащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм хыхьэ ЛашкІутІэ къуажэм. Жылэм и унафэщІым абдежым и гугъу щищІащ япэ игъэщІыпхъэу къапэщыт къалэнхэм. Ар щІыхуэр псыкlэ къызэгъэпэщыныр, спортзалыр зэгъэпэщыжыныр, мэрэмхэр къэгъэнэхуныр.

КІуэкІуэ Казбек еплъащ къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм и гъуэгур, километрищым щІигъур, зэрызэрагъэпэщыжам. Илъэсым и пэщlэдзэм щызэфІагъэкІащ «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым зэрыхагъэхьэм и фІыгъэкІэ. Гъуэгур зэрагъэпэщыжам и мызакъуэу, псы щІэжыпІэхэр хуащІащ, абы къедза щlыпlэхэри зыхуей хуагъэзащ.

КІуэкІуэ Казбек апхуэдэуи щыгъуазэ зищІащ Бахъсэн псым и Іуфэхэр гъэбыдэным теухуауэ екІуэкІ лэжьыгъэхэм. Республикэм и Іэтащхьэм гулъытэ нэхъыщхьэ мыбдежым зыщыхуищІыпхъэу къилъытащ Тырныауз къалэм деж хэхъуэу иІэ атlэпс щlэжыпlэр и чэзум гъэкъабзэн зэрыхуейр. Іэтащхьэм зи гугъу ищІа лэжьыгъэхэм мыгувэу щІадзэну я мурадщ.

ЩІыналъэхэм зыщыщиплъыхьым гу зылъитахэм япкъ иткlэ КъБР-м и Іэтащхьэм гъэзэщІакlуэ властым и зыхуэфащэ органхэм я унафэщlхэм пщэрылъ яхуищІащ социальнэ, инженернэ инфраструктурэм хыхьэ ухуэныгъэхэр щІыным, зыкlэлъыlэбапхъэхэр зэгъэпэщыжыным теухуа проект-сметэ тхылъ зыхуэныкъуэхэр ягъэхьэзырыну, ахэр щІыналъэ, къэрал программэхэу зэман благъэм ягъэзэщІэнухэм хагъэхьэн зэрыхуэну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

Дапщэщи хуэдэу, сыт щыгъуи ещхьу

Абхъаз щІыналъэм 1992-1993 гъэхэм къыщыхъея зауэм лажьэншэ цІыхур щахъумэну, ди къуэшхэм я щхьэхуитыныгъэм щІэзэуну Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэм, Урысейм и Ипщэ щІыналъэхэм, хэмэ къэралхэм икlыу езыхэм яфІэфІу абы кІуа щІалэхэм (добровольцэхэм) я махуэр Іэтауэ Апсны къэралыгъуэм щагъэлъапІэщ.

ИЛЪЭС 28-кІэ узэІэбэкІыжмэ, 1992 гъэм шыщхьэуІум и 15-м, Абхъазым къытепсыха гуэзэгъуэм къыщІэхын гуращэкlэ, Урысейм и гъунапкъэр зэпичри, и щІым ихьауэ щытащ полковник Соснальі СултІан зи пашэ япэ гупыр, занщІэу зауэм и курыкупсэм хыхьат. ЦІыху минитым нэблагъэ адыгэ щІалэ хэтащ зауэм. Абыхэм ящыщу цІыху 51-м «Абхъазым и Лlыхъужь» цІэ лІапІэр къахуагъэфэщащ, зауэІ 250-м «Леон и цІэкІэ щыІэ орденыр» зэрахьэ, «Лlыхъужьыгъэ зэрахьам папщlэ» медалыр цІыху 600-м щІигъум иратащ. Жагъуэ зэрыхъунщи, хэщІыпІыхуи щыІащ - Куржь-Абхъаз зауэм щызэуэну кІуахэм ящыщу цІыху 302-р хэкІуэдащ.

2013 гъэ лъандэрэ абхъаз махуэгъэпсым хэту игъэлъапІэ, ІуэхугъуэзэхуэмыдэхэмкІэ гъэнщІауэ дах мы махуэр. ПэкІушхуэ щекІуэкІащ лІыхъужьыщІэр зезыхьэ Гудаутэ къалэ дэт, Кавказ лъэпкъэм я Конфедерацэм и штабыр зыщІэса унэм и гупэм къит фэеплъ сыным деж.

Пэкlым къриххьэlащ Абхъаз къэралыгъуэм и президент **Бжание Аслъэн**, вице-президент **Гунбэ Бадрэ**, Парламентым и лІыкІуэхэр, Къэбэрдейм, Шэрджэсым, Адыгейм, Шэшэным, Осетие хэгъэгуитІым, Урысейм и Ипщэ щІыналъэхэм къикlауэ зауэм хэтахэм я лІыкІуэ гупхэр, Конфедерацэм и штабым щылэжьахэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр.

ЗэІущІэм къыщызэхуэсахэр дакъикъэкlэ къыщІэупсэхуащ Куржь-Абхъаз зауэм зи псэр щызыта щІалэхэм, Конфедерацэм и япэ Іэтащхьэу щыта, Абхъазым и Лlыхъужь ЩэнибэМусэ сымэ. Псалъэ зратахэм зэкъуэтыныгъэм нэхъапэ зэрыщымыІэр, лъэпкъхэр щыІэныр абы къызэрымыкlуэу зэрелъытар къыхагъэщащ.

КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м икlа ди щІалэхэр щхьэхуэщхьэхуэу Абхъазым щекІуэкlыну Іуэхугъуэхэм къекІуэлІами, Іуэхущlафэу зэхашэм зэдэарэзыуэ, зы адыгэ гупу зэхэту хыхьащ. Къэбэрдейм щыІэ «Куржь-Абхъаз зауэм хэтахэм я зэгухьэныгъэм» и тхьэмадэ Щэрдан Тимур я пашэу. «Уэзыхуэтмэ, ульэщщ, ульэщмэ, убгъэхьщ», - жеlэ адыгэ псалъэжьым. Ар зэрыпэжыр, гупсысэшхуэкlэ зэрыузэдар къигъэлъэгъуащ адыгэхэр зэщІэту дэнэ утыкуи зэрихьэр зылъагъуэм кІэлъплъурэ «Дапщэщи хуэдэу, сыт щыгъуи ещхьу!» зэрыжаІэм. Ар пщІэт гупымкlэ, ар щІыхьт езы адыгэхэм дежкlэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым мыгувэу щэщlауэ дыщытепсэлъыхьынущ езыхэм яфlэфlу Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр къазэуну кlуахэм я махуэр зэрекlуэкlам теухуа тхыгъэхэр.

ТАБЫЩ Мурат, «Адыгэ псалъэ» газетым и щlэныгъэ обозревателя. Налшык - Сыхъум - Налшык

● ЗекІуэ

Абхъазым и президент Бжание Аслъэн «Черкесская диаспора» тхылъыр тыгъэ хуащІ.

ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ.

КІуэкІуэ Казбек яІущІащ я щхьэ ІуэхукІэ къыхуэкІуахэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек шыщхьэуІум и 15-м Правительствэм и Унэм щахуэзащ я щхьэ ІуэхукІэ къыхуэкІуахэм.

РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэухэм ящыщу зи чэзу зэІущІэм къэкІуахэр щІэлъэІурт узыншагъэр хъумэным, газкlэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа Іуэхухэр хуэзэфlагъэкІыным, я псэупІэхэр ирагъэфlэкlуэныМкlэ щыІагъэкъуэным.

Апхуэдэуи хэплъащ республикэм исхэм я дежкlэ мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхухэми.

КІуэкІуэ К. В. КъБР-м и гъэзэщІакlуэ властым и органхэм я унафэщІхэм зэІущlэ нэужьым пщэрылъ яхуищІащ щыкъызэрыхуагъэза гуныкъуэгъуэхэр дэгъэкlыным хуэунэтІауэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

● ЗэІущІэхэр

Лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъума зэрыхъум хоплъэ

КъБР-м Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэнымкІэ и къэрал управленэм иджыблагъэ иригъэкlуэкІа коллегием щыхэплъэжащ 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм зэфІагъэкlахэм. Видеоконференц мардэм тету щыта зэlущlэм и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщl Гонтарь Олег зэІущІэм хэтхэр щигъуазэ ищІащ илъэс ныкъуэм къриубыдэу зэхунэсахэм, адэкlи къапэщыт къалэнхэм. Абы зэрыжиІамкlэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэу къалъытэу реестрым хагъэхьауэ республикэм щыІэщ объект 417-рэ. Абыхэм ящыщу 114-м къэралпсо, 303-м щІыналъэ мыхьэнэ яІэщ. Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр блэкlа лlэщІыгъуэхэм цІыхубзэм зэригъэпэщам щІэину зэрыщыІэр къэпхутэн папщІэ къэрал тхыдэ-щэнхабзэ къэпщытэныгъэхэр егъэкlуэкІыпхъэщ, абы, зэрыгурыІуэгъуэщи, мылъкушхуэ токlуадэ, ари къэгъуэтын хуейщ.

Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэу къалъытэр зыхыхьэ щІыналъэм и гъунапкъэхэр убзыхунри лэжьыгъэ щыlукlыкъым. Лъэпкъхэм я щэнхабзэ щІэинхэу къалъытахэр хъумэнми гулъытэ щхьэхуэ хуащІ. Зыхэплъэж лъэхъэнэм управленэм ивбзыхуащ апхуэдэ объект 25-м я гъунапкъэхэр, хъумэн хуей фэеплъ 15-р зыхуэзэ щІыпlэхэр, фэеплъхэм къедза щІыпlэхэр я нэгъэм щІэтыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр. Псори зэхэту бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу ягъэбелджылащ щэнхабзэ щІэиным и хъугъуэфІыгъуэу 147-рэ, яхъумэн хуей щІыналъэ 26-рэ, фэеплъым щыщ Іыхьэу къалъытауэ 56-рэ. ЩІыналъэ мыхьэнэ зиІэ фэеплъхэмрэ ахэр зыхыхьэ щІыпІэу 36-рэ хъумэным теухуа къэрал зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ. А лэжьыгъэхэр зэфІагъэкl «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр» къэрал программэм и «Ди щІэиныр» программэ къуэдзэм къыщыгъэлъэгъуахэм тету.

Гонтарь Олег апхуэдэу къытеувыІащ щэнхабзэ фэеплъхэр хъумэным, абыхэм зыхуэфащэ тхыгъэхэр, дамыгъэхэр тедзэным ехьэлІа Іуэхур зэрекІуэкlым. Абы и лъэныкъуэкlэ, 2020 гъэм управленэм зэрызыхэлъхьагъэзам ипкъ иткlэ, ІуэхущlапІэм пщэрылъ щыхуэщІ щэнхабзэ щІэиным яхъумэн хуит зыщІ зы дэфтэрэр иратащ абы къыщlэупщlахэм. Мыдежым къыщыхагъэщащ а лэжьыгъэр зэфІагъэгъэкІыфыну ІэщІагъэлІхэу абы теухуа щІэныгъэ зиlэхэмрэ лиценз зытыну хуит ІуэхущІапlэхэмрэ республикэм зэрымыщlэмщlэр. Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэу къалъыта объектым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щригъэкlуэкlыну зэрыхуитымкlэ лиценз зиlэу КъБР-м щыlэр Бэрбэч Хь. М. и цІэр зэрихьэ КъБКъУ-м и закъуэщ.

2020 гъэм щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр зэрырагъэкlуэкlыну къэрал мылъкуу УФ-м «Щэнхабзэмрэ туризмэмрэ зегъэужьын» и къэрал программэм хыхьэу сом мелуан 37,3-рэ къратыным теухуа лъэlукlэ зыхуагъэзащ УФ-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм икlи абы хоплъэ.

Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэныр къэрал къэлъытыныгъэм зэрыщlэтым и гугъу щищlым, Іуэхущlапlэм и унафэщlым жиlащ абы и лъэныкъуэкlэ хабзэр къыщызэпауд къызэрыхъу. Псалъэм папщlэ, зыхэплъэ пlалъэм къриубыдэу административнэ къуандэ зылэжьахэм яхуэзэхуэу Іуэхуу бгъу къызэlуахаш икlи тезыр иратащ.

Мусуков Алий къыхигъэщащ щэнхабзэ щІэину къалъытэ объект куэдым яхуэгъэзауэ законодательствэм къигъэувхэр зэрамыгъэзащІэр, ахэр тхыным теухуа Іуэхущlафэхэр Іэпэдэгъэлэл зэрыхъур. Премьер-министрым къызэрилъытэмкlэ, а лэжьыгъэр щlэгъэхуэбжьэным сэбэп хъуэхъуну абы хухах ахъшэр зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыныр.

ЗэІущІэм щызэпалъыта псори и лъабжьэу, управленэм илъэс ныкъуэм ирихьэкlа лэжьыгъэм арэзы утехьуэ хъуну къалъытащ.

НЫБЭЖЬ Заирэ.

● ЩІалэгъуалэ зэхыхьэхэр

«Мэшыкъуэ-2020» зэхуэсыр купщІафІэу мэлажьэ

Кавказ Ищхъэрэм ис щІалэгъуалэм я щІыналъэпсо зэхыхьэу Мэшыкъуэ бгы лъапэм деж 11-нэу къыщызэрагъэпэщам лэжьыгъэ хьэлэмэт куэд щокІуэкl. Иужьрей махуэхэр зи щІалэгъуэхэм купщІафІэу, хьэлэмэту ягъэкlуащ. Абыхэм хьэщІэ лъапІэхэр къахуэкlуащ, зэІущІэ гуапэхэм хэтащ. Апхуэдэу щІалэгъуалэр ІущІащ ОНФ-м и унафэщlхэм, «Урысейм и къэлъыхъуэныгъэ зэщlэхьееныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь, «Урысейм и полк уахътыншэ» зэщlэхьееныгъэм и Штаб нэхъыщхьэм и пашэ Цунаевэ Еленэ.

ЭКСПЕРТ цІэрыІуэ Цунаевэр щІалэгъуалэм яхутепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм къэлъыхъуэныгъэ зекlуэхэр къыщызэрагъэпэща зэрыхъу щыкІэхэм. Псом япэрауэ, къэлъыхъуакlуэхэм ябгъэдэлъын хуейщ бгъэ лъагэхэм зэрыдэкlуейфыну зэфlэкlхэр, сыту жыпlэмэ Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ди щIыналъэм щекlуэкlа зауэхэм я нэхъыбапlэр здэщыlар бгылъэ щlыпlэхэращ. Еленэ зэрыжиlамкlэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм къахэкlа зауэлlхэмрэ офицерхэмрэ ящыщ куэд Хэку зауэшхуэм и фронт зэхуэмыдэхэм Іутащ, лlыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу, яхэлъ ерыщагъымкlэ щхьэмыгъазагъымкlэ куэдым щапхъэ яхуэхъуу.

- Мы щІыналъэм икlахэм зэрахьа лlыхъужьыгъэм ящыщу нобэкlэ дызыщыгъуазэхэр Іэмал имыlэу яхуэхъумэн хуейщ къэкlуэну щlэблэхэм, - къыхигъэщащ Цунаевэм. - Ди жагъуэ зэрыхъущи, Хэку зауэшхуэм хэта ветеран тхуэпсэуэхэм я бжыгъэр махуэ къэс нэхъ мащlэ мэхъу. Абы къыхэкlыу нэхъ шэщlауэ абыхэм ядэлэжьапхъэщ, ахэр зыхэт зэхуэзэхэр, псалъэмакъхэр, лекцэхэр егъэкlуэкlыпхъэщ. Къэдгъуэта хъыбархэр, дэфтэрхэр, сурэтхэр хэкурыщl музейхэм етауэ абыхэм щыхъумэн хуейщ.

Цунаевэм щlалэгъуалэм къыкуриджащ нэхъ жыджэру къэлъыхъуэныгъэхэм хыхьэну. Абы зэрыжиlамкlэ, дауи, ар гугъуехьышхуэ зыпылъ Іуэхущ, апхуэдэуи псапэщ, иджыри къэс щlэхъумауэ е хъыбарыншэу щыта Іуэхугъуэ гуэрхэр е цlыху щхьэхуэхэм ятеухуа къэхъукъащlэхэр хэлъщыlу щlыхуныр.

ЗэІущІэм и кlэухыу хэщlэм упщlэ зыбжанэкlэ зыхуагъэзащ абы хэтахэм. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми Цунаевэм жэуап убгъуауэ къаритащ. Апхуэдэт, псалъэм папщlэ, ар хэкупсэу къилъытэм зэрытрагъэпсэлъыхьар.

- Хэкупсэу ущытыным Іуэхугъуэ куэд къызэщlеубыдэ. Щыуагъэу къызолъытэ ар яшыныкъуэхэм зауэм е дзэ къулыкъум зэрырапхыр - хэкупсэным куэдкlэ нэхъыбэ къызэщlеубыдэ, - жиlащ Еленэ. - Сэ къызэрысщыхъумкlэ, зи къэралым, щlалъуэ щlыналъэм, абы и цlыхухэм я ехъулlэныгъэхэм папщlэ Іуэхугъуэфl зылэжьыну хэзыр дэтхэнэри хэкупсэщ. Фэ, «Мэшыкъуэ-2020» зэхуэсым нобэ хэт щlалэгъуалэ жыджэрхэр, хэкупсэ нэсхэм фрщацlэхъущ. Сигуми си псэми къабгъэдэкlыу сынывохъуэхъу фи мурадхэмрэ хъуэпсапlэхэмрэ къывэхъулlэну. Фи нэхъыжьхэм фахуэфащэу гъащlэр зэрефхьэкlынуми шэч лъэпкъ къытесхъэркъым. Фэ фхуэдэхэращ ди къэралым и къэкlуэну дахэр зыхуэнур.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Коронавирусым ирисымэджа медицинэ лэжьакlуэхэм ахъшэкlэ зэрызыщlагъакъуэ щlыкlэр

COVID-19-р яlэу республикэм иужьрей зы жэщ-махуэм 16 щатхащ икlи псори зэхэту цlыху мин 6239-рэ хъуащ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым зэритхымкlэ, тест Іэмалкlэ къэхутэныгъэ 136812-рэ иратэкlуэкlащ. Сымаджэхэм ящыщу цlыху 5857-рэ хъужащ (19-р иужьрей жэщ-махуэм). Сымаджэщхэм иджыри цlыху 228-рэ щlэлъщ, абыхэм ящыщу 18-р - реанимацэхэм.

ЩытыкІэр зэпІэзэрытщ, хуэмурэ нэхъ мащlэ мэхъу узыфэр къытехьэлъэу сымаджэщхэм гъэлъхэм я бжыгъэр. Абы щыгъуэми цlыхухэр къыхураджэ зыхуэсакъыну, пlырыжьэр хъумэ, дохутырым унэм ираджэну.

Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкlэ и министерствэм къызэрыхигъэщымкlэ, COVID-19-р зиlэхэм яхэта медицинэ лэжьакlуэхэм къэралым зэрызэщlигъакъуэр кlуэ пэтми нэхъ ирагъэфlакlуэ. Псалъэм папщlэ, и къалэныр игъэзащlэу коронавирусыр зи узыншагъэм зэран хуэхъуа дохутырым социальнэ ахъшэ хущlагъун щхьэкlэ, комиссэр зыхэплъэ дэфтэрхэм ящыщу компьютер томографием и кlэщlагъэм и фэ пыкlыу кlэщlыгъэу иратауэ къизылъытэкlэ. Министерствэм къызэрилъытэмкlэ, апхуэдэ зэхъуэкlыныгъэм ар зыхуэгъэзэу Іуэхур нэхъ зэщlыкlыщlыгъуэ цlыхум я деж зэрынэхъыщlыр.

Гу зылъытапхъэ: КъБР-м и Оперативнэ штабым и номерыр - 40-15-65, «Роспотребнадзор»-м - 42-26-78.

МЕЧИЕВ Асхат.

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэуlум и 18, гъубж

♦**Урысейм и Географием и махуэщ.** 1845 гъэм къызэрагъэпэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэр.

♦ **Азербайджаныр Къэзахъстаным щагъэлъапlэ я гъунапкъэхъумэ дзэхэм я махуэр**

♦**Таджикистаным и медицинэ лэжьакlуэхэм я махуэщ**

♦**1682 гъэм** Урысейм и тlощlыхьыгъуэм и тет хъуащ Пётр Езанэр.

♦**1782 гъэм** Санкт-Петербург къалэм къыщызэlуахащ Пётр Езанэм и фэеплъыр (иужькlэ «Гъуаплъэм къыхэщlыкlа шууей» зыфlащар).

♦**1787 гъэм** Урысейм щыпэрэу рабочэхэм я демонстрацэ щекlуэкlащ Санкт-Петербург. Пащтыхь гуащэ Екатеринэ Етlуанэм хуэтхьэусыхэну къызэхуэсат цlыхукlэ 400.

♦**1900 гъэм** урыс инженер Перский Константин япэу къигъэсэбэпащ «телевиденэ» псалъэр.

♦**1920 гъэм** США-м и конституцэм зэхъуэкlыныгъэ халъхьащ, цlыхубзхэми Іэ яlэтыну зэрыхуитыр къыщыгъэлъэгъуауэ.

♦**1941 гъэм** КъБР-м тхьэмахуэ щlэнхьэу щекlуэкlащ. Абы хэтахэм къалэжьа сом мин 300-р Зыхъумэжыныгъэм и фондым халъхьащ.

♦**1966 гъэм** Мазэм и щхьэфэм сурэт трихащ НАСА-м абы хуэщlауэ иутlыпща Іэмэпсымэм икlи ахэр Щlым къигъэхьыжауэ щытащ.

♦**1991 гъэм** Горбачёв Михаил Форос (Къырым) щыlэ зыгъэпсэхупlэм къыдэкlыну хуимыту даубыдат къэралым зэхъуэкlыныгъэ щезыгъэкlуэкlыну зи мурадахэм.

♦Нэмыцэ дипломат, адыгэхэм я псэукlэ-зэхэтыкlэм тетхыхьа **Олеарий Іэдэм** къызэралъхурэ илъэс 420-рэ ирокъу.

♦Совет композитор цlэрыуэ, урэдыжьакlуэ **Мигуля Владимир** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор, пружэгъэхьыным елэжь щlэныгъэ центрым и унафэщl **Хъурым Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Шыщхьэуlум и 19, бэрэжьей

♦**Гуманитар дэlэпыкъуныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Сурэтым и дунейпсо махуэщ**

♦**Афганистаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**США-м и авиацэм и махуэщ**

♦**Джанэ кусэм и махуэщ.**

1874 гъэм урыс флотым къулыкъу щызыщlэхэм я фащэу къащтащ кусэ щlыхухэр зыпхыкl джанэр.

♦**1839 гъэм** Санкт-Петербург пэмыжыжьэу къызэlуахащ Пулковскэ обсерваторие. Иджыпсту ар Урысей Федерацэм и астрономие Іуэхущlапlэ нэхъыщхьэщ.

♦**1887 гъэм** шар гъэпщам исуу зилэтри, Менделеев Дмитрий кlэлъыплъащ дыгъэр зэрыкъуилъафэм.

♦**1895 гъэм** Лондон къыщызэрагъэпэщащ Дунейпсо кооператив зэгухьэныгъэр.

♦**1942 гъэм** Къардэн Къуэгъун Елхъуэт (Осетие Ищхъэрэ) и деж бийм и кхъухьлъатитl къыщирудыхащ.

♦**1944 гъэм** Покрышкин Александр къэралым щыlэпэрэу Совет Союзым щэнейрэ и Лlыхъужь хъуащ.

♦**1947 гъэм** А витаминыр зэхалъхьащ.

♦**1960 гъэм** Байконур космодромым телъэтыкlащ Белкэ, Стрелкэ хьэхэр зэрыса «Спутник-5» кхъухьыр. Ар шыщхьэуlум и 20-м къэтlысыжащ.

♦**1981 гъэм** къызэрагъэпэщащ СССР-м Къэрал шынагъуэншагъэмкlэ и комитетым егъэщlылlа «Вымпел» гуп хэхар.

♦**1991 гъэм** ГКЧП-м - къэрал унафэр зыубыдыну яужь ихьа гупым - СССР-м чрезвычайнэ щытыкlэ щигъэуват.

♦Фэилъхьэгъуэхэр къэгупсысыныкlэ, ахэр дыныкlэ цlэрыlуэ дыдэ хъуауэ щыта, ХХ лlэщlыгъуэм и модэм и тхыдэм хэзыхьа бзылъхугъэ **Шанель Габриэль** къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦КъБР-м, КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ я лэжьакlуэ **Бищlо Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къэжэр Валерий** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦США-м и 42-нэ президенту щыта **Клинтон Билл** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Дзбагъуэ Роман** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкlэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Тэм тэ и цlэщи, щэм щэ и цlэщ.

● Фэеплъ

Хэкупсэ нэс Ержыб Аслъэн

Адыгэхэм ди лъэпкъ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм ящыщщ Ержыб Аслъэн Къуэш и къуэр. Педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, СССР-м, РСФСР-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныгъэмкIэ я отличник, Дагъыстэн Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Ержыб Аслъэн щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI гумызагъэу щытащ. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ адыгэ литературэр курыт школхэм зэрыщрагъэдж тхылъхэр, методикэ чэнджэщхэр зэрыт пособиехэр. Псэужамэ, Ержыб Аслъэн и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 90 ирикъунут.

ЕРЖЫБ Аслъэн 1930 гъэм и шыщхьэуIу мазэм къыщалъхуащ Лэскэн щIыналъэм хыхьэ КъуэгъуэлъкъуейIэ (Урыху) адыгэ къуажэм. Ар къыщыхъуари зыхапIыкIари мэкъумэшыщIэ унагъуэщ. Школым щыщеджа зэманым Аслъэн еджакIуэ нэхъыфIхэм халъытэу щытащ дапщэщи. ЩIалэ жыджэрыр еджэнми жылагъуэ Iуэхухэми щыпэрытт, сурэт щIынымкIэ зэфIэкI дахэ бгъэдэлъти, ар хэмыту школым щемыкIуэкIми ярейт зы зэIущIи, апхуэдэу ахэр и IэдакъэщIэкIхэмкIэ игъэдахэрти. Школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Аслъэн абы къагъэнэжри, гъэ еджэгъуитIкIэ щылэжьащ пионервожатэ нэхъыжьу, сурэт щIынымкIэ егъэджакIуэу. ИтIанэ абы мурад быдэ ищIащ и щIэныгъэм пищэну икIи 1953 гъэм щIэтIысхьащ Къэбэрдей къэрал pединститутым и тхыдэ-филологие къудамэм. Къуажэ курыт школми хуэдэу, еджапIэ нэхъыщхьэми Ержыбыр фIы дыдэу щеджащ, щIэныгъэфIи зригъэгъуэтащ. ФIыуэ зэреджэм къыхэкIкIэ стипендие хэIэтыкIа къратy щытащ абы, пединститутым и «ЩIыхь пхъэбгъум» и сурэтыр илъэсиплIкIэ илъащ. Жылагъуэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр илъэситхуми щIыхь пылъу икIи къызыхуэтыншэу игъэзэщIащ. Аслъэн факультетым и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару щытащ, институтым и профкомым хэтащ, спорт Iуэхухэми хуэжыджэру студент илъэсхэр ирихьэкIащ. Аращ илъэситхум къриубыдэу гупым я пашэу, старостэу щытари.

Урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ кууyэ зыджа IэщIагъэлI ныбжьыщIэр 1958 гъэм егъэджакIуэу къащтащ Хьэтуей дэт курыт школым. ЩIалэщIэм и зэфIэкI псори къызэIуихыну хунэмысами, школ унафэщIхэм зэман кIэщIым къриубыдэу гу лъатат Ержыбыр лэжьакIуэ гумызагъэу, IэщIагъэлI щыпкъэу, цIыху акъылыфIэу зэрыщытым. Аслъэн и лэжьэкIэфIым и хъыбарыр щIэхыу нэсащ къалащхьэм. А зэманым ди республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министру щытар Уэрсей Фаинэт. УнафэщI набдзэгубдзаплъэм адрей егъэджакIуэ щIалэхэм занщIэу къахигъэбелджылыкIащ Ержыбыр, бгъэдэлъ гупсысэ жаным, Iуэху зехьэкIэ пэрытым, гумызагъагъым гу лъитэри. Уэрсейм и чэнджэщкIэ ар министерствэм инспектор-методисту щылэжьэну ирагъэблэгъащ.

Дзыхь къыхуащIа IэнатIэр щIыхь пылъу илъэсибгъукIэ игъэзэщIащ Ержыбым. Абы къыдэкIуэу жыджэру зритащ творческэ лэжьыгъэм: абы щIидзащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ школ программэхэр къэпщытэным, абыхэм рецензэхэр хуэтхыным, тхылъ щхьэхуэхэм я редактору щытащ. Аслъэн и апхуэдэ япэ лэжьыгъэу щытащ Къамбий ХьэматI, Нало Ахьмэдхъан, Акъбащ Александр сымэ 3-нэ классым папщIэ зэхалъхьа «Анэдэлъхубзэ» тхылъыр егъэфIэкIуауэ къыдэгъэкIыныр. ЕтIуанэ лэжьыгъэ нэхъ гугъур 7-нэ классым адыгэ литературэр зэрыщаджын тхылъ тэмэм зэхэлъхьэнырт. Ар пщэрылъ зыхуащIахэм ямыгъэхьэзырурэ, Ержыб Аслъэн зэхигъэуващ 7-нэ классым адыгэ литературэр къуажэ курыт школым зэрыщаджын тхылъ хъарзынэ. Абы щIэупщIэшхуэ иIауэ щытащ а зэманым. Тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 1965 гъэм къыщыдэкIащ. Ар Ержыбым и япэ ехъулIэныгъэу, и япэ лэжьыгъэшхуэу щытащ.

1967 гъэм Ержыбыр КъБАССР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу ягъэуващ икIи илъэс 13-м щIигъукIэ а къулыкъур зэрихьащ къызыхуэтыншэу, пщэрылъ къыщащI дэтхэнэ Iуэхури нэсу зэфIихыу, хэлъэтрэ гудзакъэрэ иIэу. Министерствэм зэрыщылажьэм хуэдэурэ, Ержыбым Москва дэт, Лъэпкъ школхэмкIэ щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ, абы и аспирантурэм щеджащ. 1973 гъэм и гъатхэпэ мазэм Аслъэн утыку кърихьащ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэр. Ар ехъулIэныгъэкIэ Москва щыпхигъэкIри, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Творческэ икIи щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ Ержыб Аслъэн. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ курыт школхэм я еджакIуэхэм, егъэджакIуэхэм папщIэ тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ адыгэ литературэр 2-нэ, 6-нэ, 8-нэ, 10-нэ классхэм зэрыщаджын тхылъитхур (10-нэ классым ейм хрестоматиери щIыгъуу); классщIыб еджэныгъэр 2-нэ, 3-нэ, 4-нэ, 5-нэ, 6-нэ, 7-нэ, 8-нэ классхэм зэрыщрагъэкIуэкIын тхылъхэр; адыгэ литературэр 2-нэ, 4-нэ, 5-нэ, 6-нэ классхэм зэрыщегъэджыпхъэм теухуа чэнджэщхэр зэрыт тхылъиплIыр; ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, шэрджэс тхакIуэхэм я тхыгъэ щхьэхуэхэр школ программэхэм япкъ иткIэ курыт школым зэрыщегъэджыпхъэм теухуа чэнджэщхэр щызэхуэхьэса тхылъищыр; адыгэ литературэмкIэ школ программитIыр (1-4-нэ, 5-11-нэ классхэм ейр). Къэхутакlуэ икIи методист Iэзэм и тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэрт ди республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм. Апхуэдэхэм я бжыгъэри 50-м щIегъу. Абыхэм Ержыбым щызэпкърихырт тхыгъэ щхьэхуэхэри, щиузэщIырт зэрегъэджыпхъэ мардэхэри, щигъэнаIуэрт Iуэху зехьэкIэщIэхэри. А псоми я лъабжьэт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм, ди анэдэлъхубзэр школым зэрыщегъэджыпхъэ мардэхэм ехьэлIауэ абы бгъэдэлъ щIэныгъэ куур, зэфIэкI лъагэр. Ержыб Аслъэн и IэдакъэщIэкIа лэжьыгъэхэр 350-м нос. Ахэр автор напэкIуэцI бжыгъэм хуэбгъакIуэмэ, псори зэхэту 700-м ноблагъэ. Зэрытлъагъущи, зы цIыхум дежкIэ ар лэжьыгъэ мащIэкъым.

Ди щIыналъэм и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыпIэхэми пщIэ щиIащ Ержыб Аслъэн бгъэдэлъа щIэныгъэшхуэм. 1980 гъэм къыщыщIэдзауэ 2006 гъэ пщIондэ ар лэжьащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ, Лъэпкъ Iуэхухэмкlэ щIэныгъэкъэхутакIуэ институту Москва дэтым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщIу. Апхуэдэу щытащ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым пэщIэдзэ егъэджэныгъэмкIэ и кафедрэм и доценту. Ержыбыр а IэнатIэхэм щыпэрыта илъэсхэр куэдым ягу фIыкIэ къинащ, сыту жыпIэмэ къэралпсо институтым и апхуэдэ къудамэхэм я нэхъыфIхэм халъытэ хъуат Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр. Къэхъуакъым абы къыпэщыта къалэнхэр щIыхь пылъу щимыгъэзэщIа. Апхуэдэу зыужьыныгъэ игъуэтащ а лъэхъэнэм ар зэпхауэ щыта кафедрэми. Ар жыджэру икIи зэфIэкI иIэу хэлэжьыхьащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ, урысыбзэмрэ литературэмрэ зэрырагъэдж тхылъхэр (ахэр япэм Налшык къыщыдэкIыу щытащ) егъэфIэкIуэным, зэрырагъаджэ планхэр, школ программэхэр зэхэлъхьэным, нэрылъагъу пособиехэр къыдэгъэкIыным, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ школ кабинетхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыным. Ержыб Аслъэнщ къыхэзылъхьари пхызыгъэкIари анэдэлъхубзэ езыгъэджхэм я улахуэм процент 15-кIэ хэгъэхъуэныр, апхуэдэуи егъэджэкIэм (методикэм) теухуа тхылъхэр къызэращэхун ахъшэ сом 200 мазэ къэс егъэджакIуэхэм хухахыныр.

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щегъэджын Iуэхугъуэхэм ехьэлIа лэжьыгъэ нэхъыбэ, нэхъыфI, нэхъ щхьэпэ зылэжьа ди автор нэхъыжьхэм икIи нэхъ пажэхэм ящыщщ Ержыб Аслъэн. Ар фIыуэ зыцIыхуу щытахэм, лэжьэгъуу, гъунэгъуу, ныбжьэгъуу иIахэм нобиjaIэ Ержыбыр гумызагъэу икIи лэжьэрейуэ зэрыщытар, зыпэрыт IэнатIэм хуэфащэ дыдэу, цIыху пэжу, гуащIафIэу, псэ хьэлэлу абы зэрыпэрытар. Нобэ илэжьыпхъэ сыт хуэдэ Iуэхугъуэри зэи пщэдейрей махуэм игъэIэпхъуэртэкъым щхьэх жыхуэпIэр зымыщIэ а псэ къабзэм. Апхуэдэ хьэлыфIхэр дэри, адыгэ газетым щылажьэхэм, куэдрэ дэтлъэгъуат а нэхъыжьыфIым. Еззэш имыIэу ар щIэх-щIэхыурэ къытхуэкIуэрт, ди тхакIуэхэм я художественнэ IэдакъэщIэкIхэм, ди литературэм игъуэта зыужьыныгъэм теухуа тхыгъэщIэ купщIафIэхэр иIыгъыу, зыгъэпIейтей нэгъуэщI Iуэхугъэхэм ехьэлIа и гупсысэхэр къытхуиIуатэу.

- Сэ мыхьэнэ гуэрхэр зиIэ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр злэжьамэ, ар зи фIыщIэр си къуэш нэхъыжь СулътIанщ, гъащIэ гъуэгум сызыщрихьэлIа, сызыдэлэжьа цIыху щэджащэхэу, лэжьакIуэ гъуэзэджэхэу Уэрсей Фаинэ, Бэджрэт Лолэ, КIэш Евгение, Багъ Николай, Джаурджий ХьэтIыкъэ, Дзасэжь Хьэсанш, ЖьэкIэмыхъу Хьэжысмел, КIэрэф Мухьэмэд, Темрокъуэ Индэрбий, Шэшэн Щамил сымэщ. Сэ абыхэм я фэеплъым си щхьэр яхузогъэщхъ, - жиIэрт Аслъэн, къикIуа и гъащIэ гъуэгум щриплъэжкIэ. - ЖыпIэнурамэ, цIыхуфIхэмкIэ, акъылыфIэхэмкIэ, зэхэщIыкI куу зиIэхэмкIэ Тхьэр си гъащIэм куэдрэ къыщысхуэупсащ сэ...

Зи гугъу ищIу щыта цIыху акъылыфIэхэм, псэ къабзэхэм я щапхъэт езы Ержыбри. ЗэфIиха Iуэху щхьэпэ куэдкIэ егъэджакIуэхэми зыцIыхуу щыта куэдми я гум къинащ ар. Сыт хуэдэ IэнатIэ Iумытами, ар егъэфIэкIуэным, адэкIи зегъэужьыным зэфIэкIыу иIэр, щIэныгъэу бгъэдэлъыр ирихьэлIэущ Аслъэн зэрылэжьар. А псори къалъытэу, Ержыбыр мызэ-мытIэу ягъэпэжащ къэрал дамыгъэхэмкIэ, фIыщIэ, щытхъу тхылъхэмкIэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, медалхэр, нэгъуэщI гулъытэхэри.

2016 гъэм и фокIадэ мазэм дунейм ехыжащ Ержыб Аслъэн, щIэныгъэлI цIэрыIуэр, егъэджакIуэ Iэзэр, хэкупсэ нэсыр. Адыгэм, лъэпкъ егъэджэныгъэм и зыужьыныгъэм папщIэ илэжьа псори псапэу игъуэтыжауэ Тхьэм къыщIигъэкI.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Зауэм и уIэгъэр кIыжыркъым

Зауэм и уIэгъэр кIыжыркъым жаIэ, сыту жыпIэмэ, абы ехьэлIа нэщхъеягъуэхэри гукъэкIыжхэри цIыхухэм ящымыгъупщэж дыркъуэу гум къонэ. А зауэм хэтахэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ хъуми, зэрахьа лIыгъэмрэ я цIэмрэ зэманым фагъуэ дэмыхъуу къонэ.

ЗИ ГУГЪУ фхуэтщIыну ХьэщIэлI Аслъэн зэрымыпсэужрэ илъэсипщIым щIигъуами, а цIыху щыпкъэм ехьэлIа гукъэкIыжхэр ар зыцIыхуу щытахэм нобэми къаIуэтэжу зэхыбох.

ХьэщIэлIыр Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу хэтащ. Абы и щыхьэту къыхуагъэфэщащ орден, медаль куэд. Апхуэдэхэщ «Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр», медалхэу «Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ», Жуков Георгий и цIэр зезыхьэр, «Германием зэрытекIуам папщIэ», нэгъуэщIхэри.

Урыху къуажэжьым къыдэкIа ХьэщIэлI Аслъэн ЗэрэкIущ и къуэр 1941 гъэм связисту зауэм Iухьащ. Телефон аппаратыр, абы ехьэлIа кIапсэхэр, зэрызауэ IэщэхэрIсыт щыгъуи пщIыхэдзауэ къыздезыхьэкI щIалэщIэм и лэжьыгъэм дзэмрэ абы пыщIэныгъэ къыхузиIэ штабымрэ я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт. Куэдрэ къэхъурт телефон кIапсэр щызэпауд икIи ар къэбгъуэту зэпыпщIэжыну тыншкъым. ПсэзэпылъхьэпIэ щихуэ мымащIэу къэхъурт. Аслъэн къилъытэрт связист лэжьыгъэр зауэ IэнатIэм и псэм япэ щригъэщыпхъэу. Ар къызыхэкIри телефон зэпсэлъэныгъэм сэлэт гъащIэ куэд епхауэ щытынкIэ зэрыхъунур абы къызэрыгурыIуэрт. Зэгуэрым, зэпауда кIапсэр зэпащIэжу, ХьэщIэлIым и гъусэ зауэлIыр уIэгъэ хъуат. Аслъэн лэжьыгъэр зэпимыгъэуууэ, кIапсэри иукъуэдиижын хузэфIэкIат. Апхуэдэ щытыкIэ гугъу куэдым къелащ ар.

Связымкlэ линейнэ батальон хэхам къулыкъу щызыщIа ХьэщIэлI Аслъэн япэ Украин фронтым и штабымрэ 58-нэ фочауэ дивизэм и штабымрэ я телефон зэпыщIэныгъэхэр зэпымыунымкIэ хузэфIэкIыр илэжьащ. А зэманым уи къалэныр умыгъэзащIэу штабхэр связкIэ къызумыгъэпэщыныр хуагъадэрт зи хэкум епцIыжьахэм, укIкIи уи судыр ящIэнри зыхуэIуаи щыIэтэкъым.

1945 гъэм и мэлыжьыхьым, зауэр иухыным зы мазэ закъуэ фIэкIа къэмынэжауэ, связымкIэ 448-нэ линейнэ батальон хэхам и командирым ХьэщIэлIым теухуауэ мыпхуэдэу итхыгъат: «Красноармеец ХьэщIэлI Аслъэн иужьрей илъэсищым кIапсэхэм кIэлъыплъу къулыкъу щищIащ 448-нэ батальон хэхам. А зэманым и кIуэцIкIэ абы зыкъигъэлъэгъуащ хахуагъэ, лIыгъэ, гъэсэныгъэ зыхэлъ связисту. ЩIышылэ, мазае мазэхэм едгъэкIуэкIа ебгъэрыкIуэныгъэ гуащIэхэм къыщащIа къалэныр игъэзащIэкIэрэ, хузэфIэкIащ фронтым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэр телефон связымкIэ къызэригъэпэщын. А щIыпIэхэм щекIуэкIа зэхэуэшхуэхэм кIапсэхэр щIэх-щIэхыурэ къызэпаудырт, ауэ ХьэщIэлIым сыт хуэдэ ныкъусаныгъэри дакъикъэ бжыгъэм жыджэру игъэзэкIуэжырт. Къызолъытэ «Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ» правительствэ дамыгъэр къыхуагъэфэщапхъэу. ХьэщIэлI Аслъэн ящыщщ ди хэкум и къуэ пэжхэм».

Европэм и ныкъуэр зэуапIэм Iуту къикIуами, ХьэщIэлI Аслъэн фIэфIтэкъым и зауэ гъуэгуанэм тепсэлъыхьыжын. Ар цIыху зэпIэзэрытым и хьэл-щэну зэрыщытым и закъуэтэкъым, атIэ лъыкIэ гъэнщIа гъуэгуанэм ехьэлIа гукъэкIыжыр хьэлъэу зэрыщытри Iуэхум хэлът. Аслъэн зэрызэуа илъэсиплIым и кIуэцIкIэ щIыналъэхэр хуит къащIыжу, ар Дон, Днепр, Одер псыхэм зэпрысыкIащ. Зауэр щиухащ Берлин и Рейхстагым и Iэгъуэблагъэхэм.

ХьэщIэлIыр щалъхуа Урыху къуажэм къыщыкIуэжар 1946 гъэм и фокIадэ мазэрщ. Къыздигъэзэжа къуажэжьым абы щищIэн и куэдт. Совхозым ар щылэжьащ учётчикыу, илъэс тIощIым нэблагъэкIэ шыхъуэ IэнатIэми пэрытащ, зыхэт гупми задригъэкIуфу дунейм тетащ.

Унагъуэ иухуа нэужь, хъыджэбзитIрэ щIалитIрэ игъуэтащ, ахэр зыхуей хуэзэу къигъэтэджащ. И щхьэгъусэ Лидэрэ езымрэ гъащIэ дахэ, насыпыфIэ къызэдагъэщIащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. 1986 гъэм Лидэ, 1999 гъэм Аслъэн дунейм ехыжахэщ.

Аслъэн и IуэхущIафэхэр ягу къагъэкIыж къуажэдэс нэхъыжьхэм. Ящыгъупщэркъым абы хэлъа нэмысыр, зэрихьа лIыгъэр. Апхуэдэуи абы и фэеплъыр яхъумэу, и бынхэм я быныжхэр Аслъэн и щапхъэм щIапIыкI, лIыгъэ хэлъу Берлин нэсауэ зэрыщытар къащIэхъуэ щIэблэм хуаIуэтэж.

ТекIуэныгъэр къахьын папщIэ связисту зауэ IэнатIэм Iутахэм я гъащIэм щыщу дэ дызыщыгъуазэр мащIэ дыдэщ, ауэ шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым ТекIуэныгъэ иныр ди къэралым къызэрихьам абыхэм я фIыщIэшхуэ зэрыхэлъым.

Уригушхуэ хъунущ ХьэщIэлIыр абыхэм ящыщу зэрыщытам, километр мин бжыгъэхэр зэпызычу Берлин нэсыфахэм ди лъэпкъуэгъу, ди хэкуэгъу зэрахэтам.

ЦIыхум къыхуиуха и гъащIэ Iыхьэр иухыу дунейм текIыжми, абы къигъэна лъэужь дахэр лIэщIыгъуэхэм пхокIри, и бынхэм я быныжхэм яхъумэ, абы пащэ. Абы нэхъ лъапIэ сыт щыIэ?!

ХЬЭЩIЭЛI Суфьян,
КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат.

● Абы дегъэпIейтей

Iуэхутхьэбзэхэр зэрагъуэтым арэзы къищIрэ?

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщапщытэ ахъшэм епхауэ республикэм щызэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэм цIыхухэр арэзы къызэращIымрэ абы ехьэлIауэ щыIэ гугъуехьхэр зыхуэдэмрэ. Онлайн-щIэупщIэныгъэр къызэригъэпэщащ Урысей Банкым и Ипщэ къэрал IуэхущIапIэм.

- РЕСПУБЛИКЭМ щыпсэу дэтхэнэри а Iуэхум хэтыфынущ. ЦIыхухэм иджыпсту Iэмал яIэщ ахъшэм ехьэлIа Iуэхутхьэбзэхэр (картэм ахъшэ къыщрахын терминалхэр ирикъуу яIэ-ямыIэм, ахъшэр Iэрымылъхьэу зэрызэIэпахыф Iэмалыр зэрызэтеублар, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ) щыпсэу щIыпIэхэм зэрыщагъуэтыр къагъэнэIуэну е гугъуехь зэрыхэтыр къагъэлъэгъуэну. Мы Iуэхум наIуэ къищIынущ гулъытэ зыхуэтщIыпхъэхэмрэ хэкIыпIэхэр зыхуэдэмрэ, - къыхигъэщащ ЦIыхубэ банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Тхьэмокъуэ Анатолий.

Анкетэр компьютеркIэ, телефонкIэ, планшеткIэ ящI хъунущ фокIадэм и 7 пщIондэ. Абы узэрихьэнур - https://forms.gle/9gybHzPSpFWkto9B9.

РУСИНЭ Василисэ.

● Егъэджэныгъэ

НэхъыфIу къалъытахэм яхэтщ

Хабзэ хъуауэ, ди къэралым илъэс къэс щокIуэкI курыт школхэм я еплъыныгъэ-зэпеуэ. Мыгъэрей апхуэдэ зэхьэзэхуэм кърикIуахэр иджыблагъэ къапщытэжащ. Ди гуапэ зэрыхъущи, къэралым и курыт школ нэхъыфIхэм халъытащ Урысейм и ЛIыхъужь Трошев Геннадий и цIэр зэрихьэу Налшык дэт курыт школ №11-р (унафэщIыр Тхьэгъэпсо Татьянэщ). Абы къыфIащащ «2020 гъэм и школ нэхъыфI» цIэ лъапIэр, абы щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъри кърaтыжащ.

«УФ-м и Федеральнэ СМИ» тхылъ тедзапIэм и редколлегием къызэригъэпэщ а урысейпсо зэхьэзэхуэм и утыку ирахьэ курыт школхэм щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэр, унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ зэпкърыхауэ, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэри здынэса лъагапIэхэри къыщыгъэлъэгъуауэ. Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэщ иджырей лъэхъэнэм хуэкIуэ унафэ щыпкъэ щызекIуэ курыт школхэр наIуэ къэщIыныр, абыхэм я Iуэху зехьэкIэ пэрытыр къэралым щызэбгрыгъэкIыныр, егъэджакIуэ нэхъыфIхэр гъэбелджылыныр, ахэр я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмкIэ нэгъуэщIхэм дэгъэгуэшэныр, еджапIэхэм адэкIи заужьын папщIэ абыхэм къыщагъуэт, щаубзыху унэтIыныгъэхэр наIуэ къэщIыныр, апхуэдэ щIыкIэхэмкIэ къэралым и курыт школ нэхъыфIхэр гъэбелджылыныр, ахэр гъэпэжэныр, егъэджакIуэхэм я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтыныр.

Зи гугъу тщIа унэтIыныгъэхэмкIэ мыгъэрей зэпеуэм щызэхьэзэхуащ УФ-м и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ курыт школ 22908-рэ. Ди къэралышхуэм нэхъыфIу къыщалъыта курыт школхэм яхэхуащ ди республикэм и къалащхьэм щылажьэ еджапIэ №11-р. А текIуэныгъэ лъагэр и щыхьэтщ курыт школым и унафэщI Тхьэгъэпсо Татьянэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, гупыр зыунэтIыф цIыху щыпкъэу зэрыщытым.

Курыт школым и унафэщIми абы и нэIэм щIэт, зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэми, гъэсакIуэ Iэзэхэми, школым екIуалIэ ныбжьыщIэхэми дохъуэхъу текIуэныгъэшхуэмкIэ. Фи ехъулIэныгъэхэм хэвгъахъуэу, мурадыщIэхэм фалъэIэсу 2020 - 2021 гъэ еджэгъуэщIэр ефхьэкIыну ди гуапэщ.

ТАМБИЙ Линэ.

ЩIалэгъуалэр жыджэру щытын папщIэ

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ зэIущIэ купщIафIэ щекIуэкIащ. «СтIол хъурей» щIыкIэу къызэрагъэпэща зэхуэсым щытепсэлъыхьащ «УФ-м и щIалэгъуалэ политикэм теухуауэ» федеральнэ хабзэм и проектым къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр ди щIыналъэм ехьэлIауэ гъащIэм хэпщэн зэрыхуейм, абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри зэрыхалъхьэнум. Лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым (ОНФ) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и экспертхэм.

ЗЭIУЩIЭМ и утыку ирахьа дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри хуэгъэпсат щIалэгъуалэм, зыщыщ щIыналъэмрэ яIэ социальнэ щытыкIэмрэ емылъытауэ, заужьын, жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэтын папщIэ зыхуеину Iэмал псори зэхуэдэу къахузэгъэпэщын зэрыхуейм. Япэу псалъэ къэзыщтахэм ящыщщ ОНФ-м КъБР-м щиIэ къудамэм и «Егъэджэныгъэ» къудамэм и эксперт Галинский Ярослав. Абы зэрыжиIамкIэ, щIалэгъуэ ныбжьым иту дяпэкIэ къалъытэнущ илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ 35-м нэс цIыхухэр (ипэкIэ абы халъытэр илъэс 30 зи ныбжьым деж щиухырт). Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ Урысей Федерацэм ис щIалэгъуалэм я бжыгъэм мелуан 12,7-рэ къахэхъуащ икIи мелуан 41-м нэсащ.

- ЩIалэгъуалэу къалъытэхэм я ныбжьым зэрыхагъэхъуам къыхэкIкIэ, къапщтэмэ, цIыху нэхъыбэм хуитыныгъэрэ Iэмалрэ яIэ хъунущ къэралым къытхуигъэлъагъуэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм ящыщ куэд къагъэсэбэпыфыну, - къыхигъэщащ Галинскэм. - Апхуэдэу хъыбар фызогъащIэ ОНФ-м КъБР-м щиIэ къудамэм и щIыналъэ штабым и лIыкIуэхэм дызытепсэлъыхь хабзэм и проектым и 7-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну жэрдэм къызэрыхалъхьамкIэ. Ахэр епхащ къэралпсо хабзэр ди щIыналъэм къызэрезэгъыну щIыкIэхэр убзыхуным.

Зэхуэсым зэрыщыжаIамкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну я мурадщ хабзэм и проектым и 9-нэ, 12-нэ Iыхьэхэми. Ахэр ехьэлIащ къэрал властым иригъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм ОНФ-м и лIыкIуэхэм я нэIэ тетын зэрыхуейм, ар жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэми зэрыщIэтынум. КъищынэмыщIауэ, экспертхэм къыхалъхьащ щIыналъэм щекIуэкI щIалэгъуалэ политикэм ипкъ иткIэ екIуэкI Iуэхугъуэ псори хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IэмалхэмкIэ наIуэ щIын хуейуэ, ахэр Интернетым илъхьапхъэу, хэт хуейми щыгъуазэ зыхуищIыфын хуэдэу.

«СтIол хъурейм» и лэжьыгъэм кърикIуа чэнджэщхэр зэрыт дэфтэр хэха щагъэхьэзыращ зэхуэсым. ЩIыналъэм щыпсэу щIалэгъуалэм яхэлъ жыджэрагъыр къэIэтыным хуэгъэпса а Iуэху еплъыкIэхэр зыхуэфащэ IэнатIэм ягъэхьынущ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Зи уэрэдхэр, щыкъун ІэфІу, зэбграх Вындыжь Марие

***Адыгэ эстрадэм и артист пажэхэу Нэхущ Чэрим, Сокъур Ольгэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хъыжьрокъуэ Сулът Іан, Хьэцей Тимур, Лий Ислъэн сымэ, нэгъуэщІхэми ягъэзащІэ уэрэдхэу щІыхубзэм фІыуэ яльэгъуахэр зи Іэдакъэщ Іэкі Вындыжь Марие и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу мы махуэхэм. Ар Дзэлыкъуэ щІыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэм 8-нэ классыр ехъулІэныгъэ иІэу къыщиуха иужь, Налшык дэт педучилищэм щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Я жылэм дэт школым пэщІэдзэ классхэр зэрыщригъаджэм хуэдэуэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ и къудамэм щІэтІысхьащ. Иужьк Іэ Къэбэрдей-Балъкъарым Социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм и центрым инспектору щылэжьащ, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта иужь, Лэскэн Етіуанэ къуажэ школым щригъэджащ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр радиом щолажьэ. Урысей Федерацэм и Тхакіуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ.*

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, Щэнхабзэмкіэ и министерствэхэм, Дунейпсо Арткомитетым я щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэр, «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр къыхуагъэфэщащ.

Гъэздэжьм и лъаганІэу къалытэ уэрэдым хуэІэижь Вындыжьым и Іэдакъэщ Іэкіхэр, щыкъун Іэфі Іэр бзу биным зэрызэбграхым хуэдэу, лъэпкъым хэІущІыІу щыхъуащи, ахэр цІыхубэ уэрэду фІэкІа зымыщІэхэри щыІэщ. Абы нэхъ насыпщыІэ уэрэдусым и дежкІэ?!

Вындыжьым и усэхэм гъащІэм и лъэныкъуэ куэд къызэщІаубыдэ. ЦІыху гукъеуэр, гупсысэр, гурыфІыгъуэр, хъуэпсапІэр Іэзэу къыгъэльэгъуэн хуэзфІокІ абы. Пэжщ, дахэу тхэ куэд щыІэщ, ауэ Марие и творчествэм фо хьэкІуэу гур къыІуэзыгъащІэр ар ныбжь псоми «зэрепсэльэфырщ». Абы и щыхьэтщ ар щІэхъщІэхьыгъэ республикэм ит курыт еджапІэхэм ирагъэблагъэуэрэ цІыкІуэхэм зэрыІуагъащІэр, творческэ пшыхь гукъинэжкэр къызэрыхуэзрагъэпэщыр. Сыт и уасэ иджыблагъэ лъэпкъым зэрыхузупса «Бзу анэм и уэрэд» сабий мюзиклыр?!

ЗыкІи нэхъ мащІэкъым Марие адыгэ журналистикэм хуищІа хэпльхьэныгъэр. Илъэс куэд щІауэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр радиом егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и къудамэм и лжьакІуэщ.

Ди республикэм и щІыналъэхэм а унэтІныныгъэмкІэ къыщыззрагъэпэщ зэхьихьэхэм кІуэурэ репортаж гъэщІэгъуэнхэр ещІ, еджапІэхэм щызэхаублэ зэпеуэхэм къыщыхэжаныкІа ныбжьыщІэхэр къегъэпсалъэ, гупльитэ яхуещІ.

Щэч хэмылъу, а псор хуэзфІэкІынымкІэ абы щІэгъэкъуэн къыхуэхъур и унагъуэ дахэрщ. Къэушэж Сультанрэ Мариерэ я бынхэу Альбертрэ Анжелэрэ езыхэми унагъуэ яІэу, я адэ-анэм я щапхъэм тету, ехъулІэу мэпсэу. Абыхэм къатепщІыкІыжа цІыкІуэхэм я насыпыр тІуащІэу жьлІэ хъунущ (адрей нанэхэм быным я быныжьр Іэфі ыкІэрэ гупльитэ хэхакІэ ягъэгуфІэмэ, мы сабийхэр уэсщІэ цІыкІуэхэмкІи ягъафІэ. И нэхъыбапІэм я лІыхъужьыр езыхэрауэ).

И махуэ лъапІэм ирихьэлІэу Марие упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащи, къыджиІахэр ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ.

- Сокъур Мусэрбий къызэрыгэпэщауэ щыта литературэ гупжьейм кІуэн щыщІэбдзам къыщыщІэдзауэ литературэм япэ лъэбакъуэхэр хэпчауэ жьлІэ хъунущ. Вындыжь Марие сыт усакІуэ, уэрэдус зыщІар?

- Къуажэ школым адыгэбзэмкІэ дыщезыгъаджа Лыджыдэ Хьэлимэт и фІыгъэу къэплъытэ хъунущ си усакІуэгур ушэу зэрыхуежьар. Абы литературэ гупжьей къызэрригъэпэщауэ усыгъэм и гъэпсыкІэхэм дыхуигъасэрт. ИкъыкІэ сигъэгушхуэрт Хьэлимэт. Педучилищэм сыщыщІэсам литературэ Іуэху зесхуакъым. ИужькІэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ и къудамэм сыщІэтІысхьэну мурад сщІащ. Экзаменым дызыхуей темэмкІэ сочиненэ ттхыну хуит дищІыртри, сэ усэ истхащ. Урыс Хьэталий къырикІуэурэ, си тхылъымпІэм итым епльри, игъэщІагъуэу: «Сыт, уэ усэ зэхэплъхьэ ара?» - жиІэри къызэуплщІат. Дауи, усэ бзлъхьхуауэ къыщІэкІынтэкъым ар, ауэ усыгъэм сызэрыдихьэхым щхьэкІэ пхагъэкІагъэнт. Университетым сыщІэтІысхьа иужькІэ Сокъур Мусэрбий сриджэу, къызэрригъэпэща литературэгъэ гупжьейм сыхьхьэну къызэрысхуигъэфащэр, си зэфІэкІыр абы пэлъэщыну къызэрилытэр къыщызжиІэм, сыгуфІэри, кІуэн щІэздзащ. Нобэми сфІэгъэщІэгъуэнщ Мусэрбий и губзыгъагъэр, набдзэгубдзапльагъэр.

Еуэри, Мусэрбий «Макъыщ Іэхэр» зэпеуэм сыхиГъэхьащ. Абы и къэпщытакІуэ нэхъыщхьэр Щоджэнщ Іыкіу Іэдэмт.

А зэманым школым егъэджакІуэу лэжьэн щыщІэздзати, зэпеуэм щыжьыс Іэну къыхэсхари егъэджакІуэм теухуа усэт.

«Сыщытщ сыщІоплъэри нэ плІыщІ,
Зэмыщхьу гъащІэр щыубзыхуау...
Зым и нэгум дохутыр хьуауэ щІызоІэльгъэу» н.къ. псалъэхэр усэм хэтти, къэпщытакІуэхэм яз (езыри усакІуэт) къысщІэнакІуэ «Уэлэхьи, властыр зэпсыщіуту езым и Іэмыщ Іэ илъу жеІэмэ мыбы, бын куэди иІэу къыщІокІыпи...», - щыжиІэм, зэуэ си гур къызэрІэзэрыхьри, сызэрыкІуам щхьэкІэ си щхьэ мыгъуагъэ хуэсхьыжу сыкъыщІэкІыжащ. ИтІанэ Мусэрбий си усэ Іэрамэр сІихри:

«Анэ быдзышэ хуэлІа сабийуэ,
Псы хуэлІа щІыпІэм и жьэр ущІащ» сатырхэм къеджащ, къысщІэнэкІам джежІэ зигъазэри: «АфІэкІа образ къимыгъэщІами, абыкІэ уи творчествэр къыдигъащ», - жриІат. А псалъэхэр сэркІэ дамэт.

ЕджапІэр къэзухри, унагъуи сыхъужауэ, ХьэкІущІэ Андрей къалэм сыщыхуэзауэ, Сокъурыр зэрыщымыІэжым и хъыбар гуауэр къызжиІэри, «Уэлэхьи, хъыджэбз, Мусэрбий къызэрыпщыгугъар умыгъэпэжа уэ», - псалъэхэр гукъанэ хэлъу быдщІигужат.

Си нэгур зэІуууэ сыкІуэжри, Іуэхур зытетыр си щхьэгъуэсэм хуэсІуэтэжа иужькІэ: «Абы щыгъуэ, иджыпсту чотІысри, зы усэ уотх, пщэдеи уотІысри, уотх, «Мусэбий къызэрыпщыгугъар бгъэпэжащІ» - къыбжаІэху уотхэ», - къызжиІат. Арати, сэри сытегушхуэри, тхэн щІэздзэжащ, ауэ стхьэр зыщІыпІи щызэгъэльагъуэртэкъым.

Зэгуэрым си сабийхэр Пионерхэм я уардэунэу Налшык дэтым къэсщащ уэрэд жьІэным, къэфэным дезгъэхьэхыну. ЦыкІуэхэм ядэлажьэ Блашэ Владимир сыкъур Мусэрбий сриджэу, къызэрригъэпэща литературэгъэ гупжьейм сыхьхьэну къызэрысхуигъэфащэр, си зэфІэкІыр абы пэлъэщыну къызэрилытэр къыщызжиІэм, сыгуфІэри, кІуэн щІэздзащ. Нобэми сфІэгъэщІэгъуэнщ Мусэрбий и губзыгъагъэр, набдзэгубдзапльагъэр.

Еуэри, Мусэрбий «Макъыщ Іэхэр» зэпеуэм сыхиГъэхьащ. Абы и къэпщытакІуэ нэхъыщхьэр Щоджэнщ Іыкіу Іэдэмт.

А зэманым школым егъэджакІуэу лэжьэн щыщІэздзати, зэпеуэм щыжьыс Іэну къыхэсхари егъэджакІуэм теухуа усэт.

«Сыщытщ сыщІоплъэри нэ плІыщІ,
Зэмыщхьу гъащІэр щыубзыхуау...
Зым и нэгум дохутыр хьуауэ щІызоІэльгъэу» н.къ. псалъэхэр усэм хэтти, къэпщытакІуэхэм яз (езыри усакІуэт) къысщІэнакІуэ «Уэлэхьи, властыр зэпсыщіуту езым и Іэмыщ Іэ илъу жеІэмэ мыбы, бын куэди иІэу къыщІокІыпи...», - щыжиІэм, зэуэ си гур къызэрІэзэрыхьри, сызэрыкІуам щхьэкІэ си щхьэ мыгъуагъэ хуэсхьыжу сыкъыщІэкІыжащ. ИтІанэ Мусэрбий си усэ Іэрамэр сІихри:

щІалэхэм, ар сысейрщ, ар сысейрщ», - жаІэ. КъхьІэ, Марие, уэрэд тхуегъэтх» - жаІэурэ мэлъаІуэ». Абыхэм я фІыгъэкІэ, стхьэр хъурэ мыхъурэ егупсысыпІэ симыІэу, къызэлъэІум Іуэхутхьбзэ яхуэсщІэрэ, адыгагъэмрэ цІыхугъэмрэ япэ изгъэщІурэ сагъэтхащ. ИтІанэ Сокъур Ольгэ «Сэ-щэ?!» - жиІэу къыщІыуым, си усэхэм хэзгъаплъэри, «Зэхуэзэшхэр зэхуозэж» жыхуиІэр зэхуэсхуэм, езым макъамэ щІигъэувэри, цІыхубэм яхихьауэ щытащ.

- **Марие, сабийхэм я гугъу щыпщІкІэ уи нэгум зэрызихъуэжым гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым. ЦІыкІуэр фІыуэ зэрыплъагъур уи усыгъэми, творчествэми, радиом щебгъэкІуэкІ лэжьыгъэми щынэІурыт дыдэщ. Ауэ щыхъуэкІи, сабийхэм ахуэтхэн, уадэлэжьэн нэхърэ нэхъ гугъуи щыІэу къыщІэкІынкъым. Сыт хуэдэ уныпІэ абыхэм уи деж щауфыдыр?**

- ЗэрыжысІауэ, уэрэд тхын зэрыщІэ-зэдзар зи фІыгъэри, мюзиклыр зыхуэхтахуэ ахэращ. Сыт хуэдэ щІэдзапІэ гъащІэм щызимыІэми, сыкъэзэгъапщІэу сыдзэыжьхьыр, ухуейрамэ, сытезыгъэгушхуэр сабийхэращ. Абыхэм фэрыщІыгъэ яхэлъкъыми, ягу иримыхьыр пІахьинукъым. Сыт и уасэт «Бзу анэм и уэрэд» мюзиклым епльа щІыкІуэм я нэгум уиплъэну! «Иджы балигъхэм яхуэдгъэтх», - жиІэри Къул Амир къызэлъІуауэ абы яужь дитщи, сщІэркъым къызэрыдэхъуІэнур.

Пэжым уухуейм, къару нэхъыбэ къыззэзытри сІызыхри сабийхэращ. Абыхэм нэхъ сащошынэ, ягу иримыхьыр заншІэу я нэгум къытощри. «Сабиигъуэ гъуэгу» си тхьилъым ит усэхэр Іыхьищу - «Нэхъ щІыкІу дыдэхэм папщІэ», «Сабий курытхэм папщІэ», «ШколакІуэ нэхъыжьхэм папщІэ» жиІэу зэпыудащ. Сабийр зэрыт ныбжьым фІэгъэщІэгъэнэну Іуэхугъуэмрэ ар зэрыбгъэдэлъхьэну бзэмрэ къэгъуэтын, къэтлъыхъэн хуейщ.

- **Сыт щыгъуэ усакІуэ, уэрэдус узэрыхъуар къыщыбгурыІуар? ЦІыху цІэрыІуэхэм уи Іэдакъэщ Іэкіхэр ягъэзэщІэн щІадза иужькІэ?**..

- КъБКъУ-р къыщыдухьим Сокъур Мусэрбий оценкэ къыдита иужькІэщ усэ зэрыслухэтхыр къыщызгурыІуар. Ауэ щыхъуКІи, сэ дапщэщи сыхуэныкъуащ си усэхэм хэпльэн. Арати, тхэн щІэздзэжа иужькІэ си щхьэгъусэр хэзгъэплъащ. Си усэхэм еджэрти, игу ирихьмэ «Мыр КІуащ Бетіалщ!» - жиІэрти сигъэгуфІэрт *(езым къыззрымыкІуэу Бетіал и творчествэр фІыуэ ильагъурт).* Ауэ «Уей, мыр чы пыІэм!» - жиІамэ, мыхъуауэ арат. Зыкъом зэхуэхьэсри, «Мусэрбий къысщыгугъауэ жьІпатит, тхэн щІэздзэжащ», - жысІэри Хьэкіущэ Андрей хуэсхьати, гуфІэри, сІихат. Андрей куэдкІэ щІэгъэкъуэн, гъуэгугъэлъагъуэ щыхуэхъуащ гъащІэм. Си япэ тхьилъым пэублэ псалъэ хуэзытхари аращ.

- **Уи уэрэдхэр дахэу зыгъэзащІэ ди артист пажэхэм уаззрыдэлажьэм и гугъу къытхуэпщІамэ арат**.

- Артистхэм я зыІыгъкІэ, уэрэд гъэІуКІэ, ныбжь елъытауэщ уэрэд зэрахуэхтхыр. Уэрэд жьызмІэ щхьэкІэ, сэ макъамэм хуабжьу сыхуэхэкІымафІэщ. «Мыр зыгуэрым сІихыну пІэрэ?» - жысІэу зы уэрэди стхакъым. Уэрэдыр зыхуэхтым и дахагъэр, и зэфІэкІыр наІуэ къэсщІынырщ къаІэну зыхуэзгъэувыжыр.

Си уэрэдхэр утыкуцхуэм щыжаІэн щІадза иужькІэ, ар къыщыІуну пшыхьхэм срагъэблагъэрти, залым зэи сащыхуэтІысыртэкъым, сценэ къуагъым сыкъуэт, цІыхухэм я нэгум сиплъэу, къазэрыщыхъур къэсщІэну сыпІащІэу.

- **Гъэ кІуам адыгэ лъэпкъым къыхэхуа хьугуэфІыгъуэхэм ящыщщ «Бзу анэм и уэрэд» мюзиклыр. Абы къежьапІэ хуэхъуам, ар къызэрохъулІам тхутепсэлъыхьыт.**

- Си сабий уэрэдхэм я нэхъыбэм уэрэдыпкъ яхуэзытха композитор цІэрыІуэ ХьэбэрдокъуэБорис сабий мюзикл дыгъэтх жиІэри къызэлъІуати, епэщІыкІэ «хьэуэ» жеІат *(мюзиклым и хабзэхэм зыри хэсщІыкІыртэкъым),* итІанэ сытригъэгушхуэри, тхын щІэздзауэ Борис дунейм ехьжащ. Нэзгъэса иужькІэ Къул Амир къыхэзгъэзащ - Борис и псэр къэзгъэгъэти, сыхуейтэкъым къэзгъэпщІэжыну. Амири, сэ схуэдэу, япэщІыкІэ «хьэуэ» жиІат, игъащІэм апхуэдэ лэжьыгъэ зэрыщыщІар тегъэщІапІэ ищІу. Ауэ «залымыгъэкІэ» жыхуаІэм хуэдэу, абыи егъэзгадащ. Тхын духа иужькІэ Амир мюзиклыр сценэм щыдгъэувмэ, абы и фІагъыр цІыхухэм я деж хъыз тыншу, екІуу нэхьэса хъуну къызэрилытэр щыжиІэм, дытегушхуэзащ. АрщхьэкІэ, абы мылъку текІуэдэнут, езы тхьилъри къыдэгъэкІын хуейти. Зэ зым, зэ адрейм зыкъытщІагъэкъуэну дыкъагъэгугъэуэр илъэс бжыгъэ дэкІыжарэ, си гугъэри хэсхыжауэ, Щоджэнщ Іыкіу Леонид си хъыбарыр зэхихати, жэрдэм ищІри, Щоджэнщ Іыкіу Алий и фондым и цІэкІэ къыхудигъэкІащ. Си мюзиклыр зыгъэувар Къул Амир ипхъу Дайанэщ. Ар режиссёр Іэщ Іагъэм Москва щыхуэдгъати, мыр и япэ лжьыгъэгу арат. Къафэкэр зыгъэувар Джашеев Алибэчщ. А мюзиклыр абыхэм къыхуэзмыщІыхужу яГъэдзат.

- **Сэ зэрысщІэмкІэ, анэдэлъхубзэр хъумэным хуэунэтІа «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэр зэрыгъажьэрэ къэпщытакІуэ гупым уахэтщ. Ар радиом щебгъэкІуэкІ лэжьыгъэм щыщт, хьэмэрэ уи гумызагъэгъэм, лъэпкъым хууиІэ лъагъуныгъэра зи фІыгъэр?**

- Ди республикэм зы къуажи иту къыщІэкІынкъым дэ дыздэщымыІа. Бзэм и закъуэтэкъым а зэІущІэхэм щагъэлажьэр, атІэ лъэпкъ хабзэми цІыху зэхущытыкІэми хуэгъэпсат. СфІэфІу, кърахьжьа лэжьыгъэр ядэсІэтмэ си гуапэу илъэс 18-кІэ сахэтащ. ИкІи сыхущІегъуэжакъым.

- **«Махуэм зы цІыху къэпсыхуамэ, уи махуэр пщІэншэ хуякъым»**, **- жиІэу псалъэжь щыІэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ журналистхэр къызэрымыкІуэу дыназсыпыфІэщ. ГъащІэм, дунейм, лъэпкъым фІы и лъэныкъуэкІэ кхахщауэ дызыхуэзэ цІыхухэм акъыл къызыхэпхын куэд къыщІэкІэ. Уэ дауэ уеплъра?**

- Журналист сымыкъуатэмэ, Вындыжь Марие къамыцІыхункІи хьунт. Усэ гуэрхэр стхыми, унэм сыщІэсамэ, сеупІэхьыжыну хэлът. Ауэ журналист лжьыгъэм цІыхухэм сахишэщ, къуажэхэм кІуэн щІэздзэри, си хъухьым зиубгъуащ, цІыхуфІ куэд къэсцІыхуащ. Журналистымрэ сурэтыщымрэ я Іэщ Іагъэр зэщхьщ, тІуми цІыхум и сурэтыр ятх, зым псалъэкІэ, адрейм къалэмкІэ. Уэзэпсалъэ цІыхум жиІэрэ ящ Іыкіу Іэнкун сыкъуэтэкъым, къыбгурыІуэн хуейщ.

- **Уи щхьэгъусэр усэхэм пхуэхэплъэжу зэрыщытар кхьхэбгъэщащ. Хуабжьу насыпышхуэщ апхуэдэу узэхэзыщІыкІ цІыху кхьыбгъурытныр**...

- Си щхьэгъусэм сэрэ зы зэман дыхалъхуащи, ди дуней елъытыкІэр зэтехуэкІи ГъэщІагъэнкъым, езыри сурэтыщІщи, творчествэм и дунейм хуэкейкъым. Сэ сфІэгъэщІэгъуэнар аракъым. «Нанэрэ Лацэрэ» я уэрэдыр щыстхам зызгъэщІагъуэу си анэм жеСІати: «Куэд жумыІэу, унагъуэ уихьамэ, унагъуэ Іуэху щІэ» - къызжиІауэ щытащ. Арат си гуащэм и псалъэхэм Іэнкун сыщІащІар. «Ара нэхъапэр жьпІэу ара?» - жысІэу сыщеупщІым: «Алыхь армыра, иджыри зы птхымэ, абы афэ джанэ тебубгъуэжауэ фІэкІа къысщымыхъуну», - дыщІигъужат. Мис ахэращ сэ гушхуэныгъэ къысхэзылъхьари сытхэну къару къызэзытари.

- **Лъэныкъуэ куэдкІэ насыпыфІэ цІыху зырызхэм ущыщщ. Уи унагъуэкІи, лэжьыгъэкІи, творчествэкІи уефІакІуэ, хэбгъахъуэ зэпытщ. АтІэ, нобэкІэ сыт уи хъуэпсапІэ?**

- «Сабиигъуэ гъуэгу» тхьилъ закъуэрщ дунейм къытехьауэ сиІэр. Ари зи фІыгъэр КъБР-м и Іэтащхьэу щыта Къанокъуэ Арсенщ.

ИджыкІэ уэрэд 300-м щІигъу тхьилъ щызэхуэсынум щІэхъуэпсу сохъумэ. Си Іэдакъэщ Іэкіхэр зэбгрыпхъауэ дунейм тетщи, зигу ирихьым къащтэурэ я унэцІэр патхэ (апхуэдэ щапхъэ си гъунэжщ). Ахэр зыхуей хуэзэу тхьилъым иту къыдэкІауэ сльэгъуамэ, афІэкІа зы хьэрф сымытхми здэнут.

- **Уи хъуэпсапІэр къохъулІэну ди гуапэщ, Марие**. **Уи махуэ дахэмкІэ дынохъуэхъу, уи зэфІэкІымрэ къарумрэ мыкІуэщІу, иджыри куэдрэ лъэпкъым, адыгэ щІэблэм ухуэпсэну, ухуэусэну!**

Епсэлъар
ЩОМАХУЭ Залинэщ.

● Адэжь хэкум къэкІуэжахэр

Жьыщхьэ махуэ хъуа Къумыкъу Мамдухь

Илъэс 30 ипэкІэ Дамаск зи унагъуэр къизышыжу адэжь щІыналъэр псэупІэ зыхуэхъужа щІэныгъэлІ, тхакІуэ, Сириеми Урысей Федерацэми я Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт, егъэджакІуэу илъэс куэдкІэ хьэрыпкъэрал зыбжанэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щылэжьа Къумыкъу Мамдухь и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

КЪУМЫКЪУХЭ я унагъуэр ящыщт Хэкур зи пщІыхьым хэмыкІ хэхэс къэбэрдейхэм я щІэблэм. Ахэр щыпсэуа Хьышней къуажэм адыгэбзэ къабзэр щызекІуэрт, адэжь щІыналъэм теухуа хьыбархэри фІыуэ ящІэрт. Къишынэмыщ Іауэ, ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щыгъуэ СССР-м икІыу Европэм Іуахэу ижькІэ Сириемрэ Иорданиемрэ псэупІэ зыхэхъужахэми Кавказым теухуа хьыбар зэмылІэужьыгъуэхэр здахьат. Хэкужьым и гъэгъуэр щызэІуахым, Мамдухь и щхьэгъусэ, Щоджэнхэ япхъу Сихэми къэІэпхъуэжыну арэзы хьащ икІи замыІэжьэу 1992 гъэм Хэкум къэкІуэжащ. Хьэрыпым щыхэсами, адыгэбзэр, лъэпкъ хабзэр зыхъужьыфа ди лъэпкъэгъу унагъуэ дахэр къытхэзэгъэжащ, Къэбэрдейм зэпымыІууэ исами ярейуэ. Куэд и уасэщ Дамаск щыІэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэми зэщхьэгъусэхэр жьыджэру зэрыхэлажьэныгъэхэри.

Дэнэ щІыпІэ къыщымыхьутами, зи бзэ зыхъумэжыну хущІэкъум дэтхэн Іэмалри къигъэсебэпынущ. Абы и щыхьэщ латиныбзэкІэ тха тхьилъ закъуэІакъуэхэр зыдагъэІэпыкъуурэ зэщхьэгъусэхэр анэдэлъхубзэм зэрыхуеджар, тхэкІэ-еджакІэ зэрызрагъэщІар. Хрущёв Никитэ и зэманым щыгъуэ Хэкум икІ письмохэр, тхьилъхэр зыІэрыхьэ хъуа ди лъэпкъэгъуэм я гуфІэгъэуэшхуэт. Я щІэблэмри курсхэр Адыгэ ФІыщІэ Хасэхэм къыщыхуэзрагъэпэщурэ адыгэбзэр ирагъэджащ.

Къумыкъу Мамдухь художественнэ тхыгъэхэри щІэныгъэ лэжьыгъэхэри и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Апхуэдэщ хьэрыпыбзэкІэ зэридзэкІауэ дунейм къытехьа «Нартхэр» тхьилъыр, КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щыпсэу пасэрей лъэпкъхэм я Іуэрыуэтэм иригъапщэуэ зэпкъриха «Нарт» хьыбархэр, и Іуэтэж хьэлэмэтхэр щызэхуэхьэсауэ къыдигъэкІа «Сыт псыхьэ щыкІум Іужьи?» тхьилъыр. Зи тхыдэр зыдж дэтхэнэми хуэщхьэпэнущ «Кавказымрэ Къуэкіыпіэ Гъунэгъумрэ папщІэ XIII лІэщІыгъэм и кум къыщыщІэдзауэ XXI лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм нэс ирагъэкІуэкІа зэпэщІэувэныгъэ инхэмрэ щэрджэсхэмрэ» и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщІафІэр. Тхьилъым сурэт куэди хагъэхьащ. Хьэрыпхэралхэр 22-рэ мэхъури, абыхэм я библиотекэхэмрэ университетхэмрэ а лэжьыгъэр яхуиГъэхьащ. «Черкесика» адыгэ щІэнгъуазэм ихуащ дуней псом щикъуэхьа адыгэзэм ятеуухуэрэ Къумыкъу Мамдухь иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр, Кавказ Ищхьэрэм къыщыхьуа зауэ цІыкІуэмрэ зауэшхуэхэмрэ, адыгэ мамлюкхэм ятеуухуэрэ. Тхыдэр зи лъабжьэ лэжьыгъэхэр къыдигъэкІын щхьэкІэ, щІэныгъэлІыр адыгэбзэкІэ дунейм къытехьа тхыгъэхэми хьэрыпыбзэкІэ щыІэхэми пхыджыкІыуэрэ зэхуихьэсащ, дэтхэнэ и зы псалъэри дэфтэрхэмкІэ щІигъэбыдэжу.

- Абы и лъэныкъуэкІэ ІитІыр зэрыІуэтырхъым. Хамэ къэралхэм къыщыдэкІ тхыгъэхэм хэкурысхэр щыгъуаззэкъым, нэгъуэщІ щыналъэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэмми адыгэбзэкІэ къыдэкІахэм ящыщу яІэрыхьэр зырызыххэщ, - жеІэ Мамдухь.

«Нарт» хъыбархэм ятеуухуа тхьилъыр и кІэм нигъэсыну Къумыкъыр щІэхъуэпсырти, къехъуІащ. АдыгэбзэкІи хэхьилІыхьыІуэ хъууэ гу щыльитэм, нэхъ псыщІэу и гупсысэр къызэрыхуэІуатэ адыгэбзэм къытеувІэжри, и тхыгъэр зэрыщыту «Адыгэ псалъэ» газетым трыригъэдзащ. Илъэс зыбжанэ дэкІри, Мамдухь и лэжьыгъэшхуэр (нэкІубгъуэ 900-м нэблагъэр) хьэрыпыбзэкІэ дунейм къытехьащ.

ХЭКУМ къызэрыкІуэжам зы махуи хущІегъуэжакъым Къумыкъуэр я унагъуэ дахэр. Абыкіэ фІыщІэр зейуэ къалытэр къыхьхьхьэжа, гуапэу къезыгъэблагъэжа я лъэпкъэгъуэхэр, ныбжьэгъуэхэр, Гъунэгъуэхэр. Куэд и уасэу къалытэ хэкурысхэр Іыхьлы-благъэм хуэдэу къаззрыІущІар.

Жьыщхьэ махуэ хъуа Мамдухьрэ и щхьэгъусэ Сиьэмрэ я бынхэр (Маринэ, Мирэ, Бибарс сымэ), абыхэм я быныж цІыкІуэхэр, я гурыфІыгъуэхэр, узынщагъэ яІэу къуэрылъху-пхъурылъхухэм я ехъулІэныгъэ, гуфІэгъуэ куэд ялъагъуну ди гуапэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.



● Іутіыж Борис и гущІагъщІэлъхэр

Адыгэбзэ ныкъуэ фІэкІа зымыщІэ уи быным и быным адыгэбзэ щІагъуэ ищІэнукъым, абы и быныжым адыгэбзэ ищІэжыххэнукъым

ТХЬЭМ апхуэдэ къытхуимыухкІэ, ауэ ІэнкІэ гъэпытурэ псэу «тхьэгурымагъуэхэм» жаІэр пэж хъурэ адыгэбзэр зэгуэр кІуэдыжынкІэ хъумэ, ахърэткІи хуэмыпшынижьын гуэныхьышхуэ къытехуэнущ ди литературэм.

Адыгэбзэр уахътыншэ зыщІыфын Іэмалкіэ Тхьэр зыхуэупсам... Езым и Іэкіэ зиужкІыжьну хуэмеймэ, ди литературэм къигъэщІыну и кІалэнщ тхыгъэ тельыджкэзр. Апхуэдэхэр кІыпхащІыкІэуэ укІуэдыжьыну уэзрыхуимытыр езы адыгэбзэм къыгурызигъэІуэжьфынфэ тпІыкъэхэр. А Іэужь тельыджащэхэр кІыэзэрагъэщІа анэдэлъхубзэр зыІэщІэбгъэхуныр щІыуагъэу щІыІэм я нэхъ ину зэрыщІытыр дэтхэнэ адыгэми хьэкъ щІызыщІыфын тхыгъэхэр... Пасэрейм жиІакъэ: «Хьуапсэ и псэ нэхущ». А нэхур нахуапІэ хъуну Тхьэм жиІэ!

НАСЫПЫМ дэ, псэкІэ зыпыщІа цІыхухэр, дызэбгрещ. Дызэбгрешри, уи щхьэ закъуэ уи лъакъуитІу упсэуным нэхъыфІ щІымыІэу къытщегъэхъу... Ауэ, апхуэдэ псэукІэм дыдихьэха къудейуэ, дэ гуауэм дызэрешэлІэж. ДызэрешэлІэж, дызэхеГэплъэжри, гущІэгъуэ зыкІи темыгъэпсыхьа мы дунеижьым уи Іэпхэр щызэрыІыгъыным нэхъ насып зэрыщымыІэр къыдгурегъаІуэ, зэпыуукІуэту хуежьа дигуэхэри нэхъ зэхуэмыгъуэ ещІыж... Дэтэнэр нэхъыфІу пІэрэ, ярэби, айтІум - дызэбгъэдэзышымрэ дызэзышэлІэжымрэ?

Іутіыж Борис и лэжьыгъэхэр щеГъэлъагъуэ Лъэпкъ музейм. *2000 гъэ*

Шэрэдж аузым. *2004 гъэ*

ПЭЖЫР псоми къалъыхъуэу щІадзэ. Ауэ зыми дзыхь ищІыркъым ар и унэ щІигъэхьэну. Дунейр къызэрируухэрэр Пэжыр гъзыжу узрамым дэтщ. ЛъапцІэу. ПцІанэу. И гуГъэр зыхихьжа дыгъэм пэплъэу.

ДАХАГЪЭР дэнэкІи щиІкъуэхащ. Ауэ ахэр, Тхьэм къигъэщІу иузэщІжа псэ зиІэхэр мыхъумэ, нэгъэщІэхэм къажъущынукъым.

ПСЭР щымыгуфІэм деж, гъатхэрэ гъаджэщ... Армырауэ пІэрэ есыр мы дунейм плъыфэу иІэхэр ягъуабжагъэр? Адрей пІыфэ псори ди псэ хъуэпсэнэгуэм къамыгъэщІу пІэрэ, лэгъупыкъур гъуэзым кьыззрыхэкІым ещхьу?

ГЪАЩІЭР кІыфыгъэм и нэм къыщІэткІуа нэпсщ. Аращ, нэхум щІэбэгъуэр, зэман нэкІущхьэм щІытебззэхыкІыжкри.

ЦІЫХУРИ, удзым ещхьу щхьокІ. Кьогъагъэ. Мэгъуэлэж. Магъуэлэжри, хуэм-хуэмурэ щІы щхьэфэ мэхъуж... ГъащІэр - ар псоми зэдащІэ финалым хуэкІуэ джэгукІащ... Эсхил! Софокл! Эврипид! Фэ фи трагедиехэр пшапэщыс хъыбархэщ, кьагъэщІауэ бзэхыжьыным пэплъэ псэм и трагедием елъытауэ.

УЗЭРЫДАХЭР къэпщІэну ухуеймэ, си нэхэм кьащІэплъэ.

УЭ УАПХУЭДЭКЪУМ. Узэрымыапхуэдэр сощІэ. Ауэ ар зэрысщІэр си гум кьеезгъащІэркъым... Абы уэ уритхъэІухудщ. Урихур хьыджэбзщ. Дуней ебгъуэ узэрыщытыр кьищІэмэ, ункІыфІынкІэ хъунущ.

КЪЫПХУЕПЛЪЫХ гущІэгъуэм нэхъ уезыудых щыІэкъым. Абы и тыгъэ дэтхэнэми ауанышІ гуэр кьыхопльэ. ГущІэгъэ кьыщІыпхущІын щытыкІэм уиту укъилъагуным лъандрэ зэрыщІэхъуэпсар кьрипщІэу.

АПЩЭЩ ухыгъэр кьыщІыцысынур?.. Пщэдей?.. ПщэдеймыщкІэ?.. ЕтІанэгъэ?.. Жэуап шынагъуэм пэплъэ упщІэ нагьыщэхэр гъэщхьэхуэ зэхэтщ. Абыхэм яГъэщІагъуэ къаувыхьа щІыуэ а упщІэхэм зэратегупсысыкІыфыр... ЦІыхуми зыхъеш. Ахэр имыльагъуфэ зытегъуаэу. Ауэ упщІэ нагьыщэхэм я суратхэр и нитІым къащІэщ зэпытщ. Пщэдей?.. ПщэдеймыщкІэ?.. ЕтІанэгъэ?!

ЦІЫХУР куэдрэ малІэ. «СылІащэрэт» жезыгъэІэн гуэзвэгъуэ кьыззрыльэІэс хуэдизрэ. Ауэ лІэуэ и гуГъэж апхуэдэ цІыхур зи уахътыі къэмыса пкъым хуэм-хуэмурэ кьегъэщІыж. КьегъэщІыжри, адэкІи мэпсэу. А тепльэри иІэу. А цІэри зэрихьэу. Ауэ нэгъуэщІ цІыхух хьуауэ. ГъащІэм макъамэ нэхъ дахэ дыдэхэр кьиззрыІыкІ гурыщІэ пшынэм и Іэпэ кущІэуауэ.

ДУНЕЙМ тетщ псоми я джэуапыр зыхъумэ зы Пэж. Пэжу кьытщыхъу псори пцІы зыщІэхъукІ Пэж щэджащэ. Ауэ ар апхуэдизкІэ лъагэщи, гъащІэу щыІэр зэпыбгъэувэми, псысэ щІрыІуэ гуэрым зи гуГъу ищІ а джэдуукІэм хуэдизыр кьэнэнущ... ЦІыхур зэи зылъэмыІэсыну Пэж щэджащэм зыщыхуэпший хъуэу.

ТХЬЭ ЩЫІЭУ зэрыкІэрэ Абы и щыІэныгъэм шэч кьытезихьэхэрэ кьогъуэгурыкІуэ. ЛъэныкъуитІри кьайгъэнщэу дунейм зэрытегъэтынут, абыхэм я зэхуакум фейдэ хэхьилІэ кьыщІызытлъыхуэ закъуэтІакъуэхэр мыхъуамэ.

ГУ КЪУЭПСЫМ пыкІэзыхь пшынальэ дахащэм содаІуэ. СедаІуэурэ, согупсыс, сыту дытхъэмыщкІэ дэ, цІыхухэр. А пшынальэм иджьпсту си нэгу кьыщІэгъуэва дунейм сэ зэи, зэи, зэи сытехьэфынукъым... ГъащІэр нэр игъэлажьэу фагъуэщ. Псэр ибэмпІыхьу кьиззрыгуэкІщ. Гур кьритхъунщІыкІыу пхъашэщ. ТхьэкІумэр икудэу хущхьэ макъ зэфэззэщщ. ГъащІэр илъэс мин бжьыгъэкІэрэ зэхальхьа курыбжь. Зэхэзылъхьаращ щІыззхальхьаращ кьахуэмыщІэж курыбэ зэкІуэкІащ. Абы дэ ди псори, псори хофьхь... ди хьуэпсапІэхэм къущынэмыщІа... ХьуэпсапІэхэр тхъурымбэ напІэурэ уафэм докІуей. ДокІуейри, а дэ зызыхуэтшийуэ зизи дызылъэмыІэс дунейм зыхаунащІэ.

ЦІыхуфэр Іувщ

Къамыгупсыса хъыбар

(Си анэшхуэм и фэеплъ)

ЩІЫМАХУЭ жэщ кІыхьым си гупсысэхэр куэдым мажэ. Сэ сфІэфІщ а лъэхъэнэм и зэман дахэр. Псом хуэмыдэу узэукъуэр жьы мащІэ къепщэм хуэсакъыпэхэр кьрихьэкІ-ирихьэкІыурэ щІым щигъэтІылъым и деж щхьэгъубжэм сыкъыдэплъу сыщытыну сфІэфІщ. А уэс кьесым сыщеплькІэ, дапхуэдизу самыгъэбэмпІаму - псори сщхьэщех, сщегъэгъупщэ.

Ауэ сщымыгъупщэу си гум ильщ зы хъыбар гуэр. Ар си анэшхуэм и гъащІэм теухуа хъыбарщ.

Іэхум и пэр умыщІэмэ, и кІэр пщІэркъым, жи. «ЦІыхуфэр Іувщ» щІыжаІэм кьикІыр тэмэму кьызгурыІуэртэкъыми, си анэшхуэм и гъащІэм теухуа хъыбархэм сыщІэдэІуурэ, сыкІэлъыплъэрэ куэд наІуэ сщыхъуащ, кьызгурыІуащ. «ЦІыхум хуэмышэчын Алыхьым къытрилъхьэркъым» жьхуаІэр пэжу кьыщІэкІынщ.

Нанэ и нэгу щІэкІамрэ игъэунэхуамрэ хуэдизу си фэм дэхуэ куэд щыІэу кьыщІэкІынкъым. Илэм кьыщІэгъэжьэнщи, нанэ и сабиигъэр Хэку зауэшхуэм и гуащІэгъэ дыдэм хиубыдащ. И адэрэ пасэу лІащ. Быным я нэхъыжь дыдэ и дэпхъури зауэм дэкІащ. Унагъуэм дэпэкІыкъэгъуу, щІэгъэкъуэну кьахуэнэжар си анэшхуэр арат (Гуащнащхъэ), адрей и дэлъхъ-и шыпхъуэр цІыкІу-цІыкІу защІэт. Зауэр иухьху лІым и къалэнри фызым и къалэнри игъэзащІэурэ, адрей и дэлъхъ-и шыпхъуэм ядэІэпыкъуурэ иригъэджащ, пасэу фызабэу къэна и анэм щІэгъэкъуэну иІащ. Сабиигъэ дахэ, тынш зиІахэм ящыщу зфЫ хъунутэкъым нанэ. Унагъуэ ихьэн хуей хъури, зауэм кьикІыжа щІалэр кьыщІэгуакІуэм дэкІуащ.

ЗэщхьэгъуситІым быних зэдагъэуэтащ.

ЗэлІэфызым я сабийхэр зыхуей хуагъэзэн папщІэ, жэщ хъуху губгъуэм иту лажьэрт. Ар зэман хъэлъэт - зауэ нэужьт. А лъэхъэнэм зы нартыху кІэчан кьэпщтауэ ялъэгъуаиэ, Сыбырым укъыщыхутэнкІэ хъунут е уздэкІуари уздэжари ямыщІэу уагъэкІуэдыьнри хэлът. Жэщ хъуху умыуфыІэу улажьэ щхьэкІэ, я ныбэр изу сабий быныр пхуэгъэшхэнутэкъым, ауэ ди анэшхуэр сытым дежи ерыскъыкІэ фІыт. Джэдкъаэыр пщІантІэм дэзт, пхъэщхьэмыщхьэ, хадэжкІыр сытым дежи иІэт. Апхуэдэурэ сабийхэр кьыздэкІуэтэйт.

Си анэшхуэм и бынхэм я нэхъыжьыр си адэрат, абы кьыкІэлъыкІуэрт и шыпхъу Хьэужан, и кьуэшхэу Хьэутий, Хьэсэнбий, нэхъыщІэ дыдэу, кІасэу кьалъхужаэу зы шыпхъу цІыкІу - Майе.

«Быным и гуэзвэгъуэ тхъэм уимыгъэпІагъуКІэ» щІыжаІэр абы нэхърэ нэхъ Іей зыри щымыІэу ара кьыщІэкІынт, ауэ а гуэзвэгъуэшхэр ялпэу нанэ щигъэвар Майе цІыкІумкІэ ажал Іэ щІыІэр быным кьащІихэІэбам щыгъуэщ.

Школым кьикІыжа сабийхэр зэдаэуэ уэрамым тетт. «Дэ фоч диІэщ», - жиІащ Майе кьепсалъэу щыт я гъунэгъу щІалэ гъур кІыхь цІыкІм. Майе щІалэ цІыкІум зригъэгъэщІагъуэу еупщІащ: «ДаІэ-тІэ фиІэм, абы щэ ильэ?» Модрейри зыхуеихэр арати, дэлъэдэжри, садым хуымакІуэ Іут и адэм и фочыр кьыщІилъэфащ. «Уэзгъэлъагъунщ ухуеймэ, щІэ ильрэ имыльрэ», - жиІэри, фочыпІэр хъыджэбз цІыкІум кьытригъэпсащ, - зы сыноуэнщи». «Кьауэт-тІэ...» - Майе жиІэнур и кІэм нимыгъэсу... фочым и уэ макъыр кьуажащщэр кьигъэпсалъэу кьІуащ...

Нанэ пщІантІэр ипхъэнкІыу дэтт. Фоч уэ макъыр щызэхихьи, и Іэм ІэщІэль жыхапхъэр Іэпыхьри, и гур иубыдащ.

Анэгум кьищІауэ кьыщІэкІынт абы и зы гукъуэпс цІыкІу зэрызэпычар.

Дакъикъэ зыбгъупщІ нэхъ дэмыкІыу Іэплпэм ильу кьыхудахьэжащ анэм ипхъу гъэфІэн цІыкІур, ильэс пщыкІуэ фІэкІа мыхъуар.

И гур игъэбыдэщ «Алыхьым къытрилъхьар арати, тшэчын хуейщ, Алыхьым кьызитащ, Алыхьым сІихьжащ», - жиІэри нанэ адэкІэ и гъащІэ хуэмеихэу арат зэманыр и нэгу кьыщІигъэхьэжьыну?

Унагъуэм пшэ фІыцІэ Іэрамэр аргуэру кьащцхьэщыхьащ. Бжэм ажащэр кьытеуІуащ, игъащІэкІэ зыми зыхуамыгъэфэщэнэр яхишыну.

Пщыхьэщхьэ гуэрым нанэ жэмыр кьишыну Іуэм ихьащ. Іуэбжэр щыІуэхым, нанэ ильэгъуар узижагъэнт - бгыкъуэм зыфІидзэжаэу и къуэ нэхъыщІэр фІэлът.

ПщІыхь гуэрым хэтам хуэдэу, хьэдагъэ махуищкІэ кІуащ. ГуІакІуэ кьежьлІэ цІыкІуэм зыхуахьынур ящІэртэкъым хъэхъуар. Хэти «шейІанкІэ зытригъэкІуащ», жиІэрт, хэти и унагъуэр зэрыкъуэгъэжар игу темыхуэу ар «хэкІыпІэфІу» кьиІытыуэ къащыхъурт. Ауэ дапхуэдэу мыхъуами, нанэ и жьыщхьэ апхуэдэ гуІэгъуэр ишэчынырт гуэзвэгъэшхэт, гукъутэт. Дунейм ехьжа щІалэр ящыгъупщэу нанэ зыгъей щыІэт. Псори гуэзвэрт абы и акъылыр зэпыхьэнкІэ, зыгуэр кьыщыщІынкІэ. ДыуэщІым кьыдыхьэхэм и Іэр яубыдыну фызызыжьым кьыхуэнар и кьуэ нэхъыжьжьыр арат. Зи кьуэш нэхъыщІитІыр щІэзыпхъэжьа лІыр дэтт, гуаэзшхэу зиІэ, щІыхухэр кьиззэкІуалІэ пщІантІэм. Абы и гупсысэр здынэмыс щыІэтэкъым. Я сабиигъэуэ зэкъуэшхэр джэгуу мы пщІантІэм щыдэса зэманыр игу кьэкІыжьырт...

И къуэш нэхъыщІитІым я гущІэр кІэщІ дыдэу зэрызэпыудам иригуІэрт Мышэ. Зыззтриигъэу пльагъу зыщІэкІэ, мо лІы гъур кІыхьышхуэр зэуэ нэхъ щыкІу, нэхъ лъахъшэ хъуауэ къыпщыхъурт. Гуауэ ильэгъуам зэфІигъэщэха хуэдэт, и жьэпкъыр кІэзызыт, зэзэмызэ дэІэбейуэ и нэпс къыфІежэхэр ильэщІырт.

«СылІэмэ сыщІыхьэжьну Мышэ сиІэщ», - жиІэурэ, нанэ и жьыщхьэ Мыши щІилъхьэжащ.

А махуэхэм лъандэрэ ильэс Іэджэ дэкІащ. Нанэ кьихуэна сабийхэри балигъ хъуахэщ, иригъэджахэщ, унагъуэ зырыз псори хуэжахэщ. Ахэр гуфІэмэ, езыри гуфІэу, я Іуэху дэкІмэ, и гур хэхъуэу нанэр дэсащ.

Мы къэслуэтэжа хъыбарыр сигу кьыщыкІыжжкІэ, сэ куэдрэ согупсыс: «Ярэби, мы гъащІэ мащІэ тІэкІу кьэдгъащІэм, щхьэ дэ, цІыхухэр, зыми демыфыгъуэу, мыхьэнэ зимыІэ Іуэхухэм щхьэкІэ дымыбгъапІэу, ди узыншагъэр фадэм тедмыгъэкІуадэу дымыпсэурэ. Ди зэман тІэкІур ди унагъуэмрэ бынымрэ, адэмрэ анэмрэ, анэкъылъхухэм я лъагъуныгъэмкІэ дымыгъэнщІрэ?!

Псори балигъ дыхъуу ди щхьэ Іуэху зетхуэжу дежьэжа нэужь, дыкъэзэпльэкІыну дыхуущІэмыхьэурэ зэманыр макІуэ. ДыкъызэпльэкІыжа нэужь, дыхущІогъуэж, ауэ Іэмал зимыІэщ, блэкІам кьиргъэззэкыркъым.

Мылъку зыхуэпльэфэсыным цІыхур апхуэдизкІэ дигъэгужьеящи, абы нэмыщІ зыми гъащІэм мыхьэнэ щимыІэжу кьытщыхъу хъуащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Дунейм зыри щыпхутемыкьнукІэ, щхьэ мыхъурэ дызэгурыІуэрэ дызэдэІуэжу, ди хабзэр, ди нэмысыр тІыгъыжу дыпсэу? Ди адэ-анэр тпэІэщІэу дыпсэумэ, дигу идвгъэгъэлъ махуэм зэ телефонкІэ нэхъ мыхъуми дыщІэупщІэнкІэ, ди бынхэм я Іуэху зыІутыми дыщыгъуазэу, ди анэ-къилъхуэхэм дакІэлъыкІуэу, гуапэу дызэхущытынкІэ зышыщІдвмыгъэгъэ-гъупщэ... иужькІэ кІасэ хъунщ.

ШЭМПАР Эммэ.

ЩыІэнущ ехъулІэныгъэхэри

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Легион Динамо» (Мэхъачкъалэ) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэуіум и 15-м. ЦІыху 300 еплъащ.

Судьяхэр: Смирнов (Кисловодск), Егоров (Дон Іус Ростов), Харченкэ (Астрахань).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мэкъуауэ, Шумахэу, КІэдакІыеІ, Ольмезов, Ашу (Бахьсэнокъуэ, 78), Хьэшыр, Джатэрыв, Клышэ (Дэхъу, 72), Іэпщацэ (Уэрэзей, 90+), Гугуев (Бацэ, 77).

«Легион Динамо»: Магомедов Ал., Меджидов, Гамзатов (Панаев, 63), Дубухов, Гасанов, Идрисов, Омаров (Муртазалиев, 90+), Удунян, Шалбузов, Саадуев (Шихаев, 78), Магомедов Р. (Кадиев, 86).

Дагъуэ къыхуащІащ: Омаровым, Джатэрывэм, Гамзатовым, Шалбузовым, Гасановым, Магомедовым.

- НОБЭ зыІэрыдгъэхьа зы очкор щым и уасэщ, - жиІащ зэІущІэ нэужьым «Легион Динамо»-м и тренер нэхъыщхьэ Избулатов Ренат. - «Спартак-Налшыкым» щызэхуащэсащ Іэзагъ ІыгъэзиІэ футболистхэр икІи абыхэм уапэщІэтыну хуабжьу хьэлъащ.

Дагъыстэным кьикІахэм я пашэм и псалъэхэм хьэщІыкъэ ди щІалэхэм хьэщІыкъэр икъукІэ гугъу зэрыраГъэхьар. ЗэІущІэм еплъахэри абы щыхьэт техъуэфынущ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2020 - 2021 гъэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ джэгуГуэум Дон Іус Ростов щІыІэу щІыпІэ СКА-м 0:1-уэ къызэрыщыхъугъэщІам «Спартак-Налшыкым» къыхуигъувырт я зи чэзу хьэрхуэрзэгъуэм Іэмал имыІэу текІуэн хуейуэ. Ди щІалэхэм абы и лъэныкъуэкІэ я лъэкІ кьагъэнаеи пхужьыІэнукъым. Ахэр зэуа топым гъуэм кІуэуэ гъуащхьэхъуэмэхэм кьыщрагъэгъэззэжаи, пкъом техуэу кьыщигъэлъеижаи, гуаущхьэуэр зы мэскъалкІэ щыблэуэкІаи кхъэуащ. ФІы дыдэу зыкъигъэлъэгъуащ «Легион Динамо»-м и гуаущхьэтет Магомедовми.

«Спартак-Налшыкым» хуабжьу зэрыхуэныкъуэр нэрылъагъут абы и капитан Пащты Руслан. ЗэІущІэм и пэ къикуэу а гъащхьэхъуэмэнкІэ и лъакъуэр къуэмыкІуэм и лъакъуэр къуэмыкІуэм и гъащхьэхъуэмэнкІэ и лъакъуэр къуэмыкІуэм и лъакъуэр къуэмыкІуэм зыщІыІэ зэрыгъэщІэжа ІыгъэзиІэ футболистхэр икІи абыхэм уапэщІэтыну хуабжьу хьэлъащ.

Хэт ищІэн, пщэдей Ставрополь щыІэну Урысей Федерацэм и кубокым ехьэлІа зэпэщІэтыныгъэ гугъум хуахъумагъэнкІи хъунщ?!

Сытми, «Спартак-Налшыкымрэ» «Легион Динамо»-мрэ щэбэт кІуам Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалаущхьэм щрагъэкІуэкІа зэІущІэр зэрытемыгъэкІуауэ икІи бжьыгъэр кьызэІуамыхауэ зэфІэкІащ, хуабжьу хьэлэмэту щытами. Абы арэзы кьызэримыщІар гурыІуэгъуэ хэгъэрейхэр, арщхьэкІэ я гум щыхьэщауи фэ ятетахьым. Кьагурыіуэ хуэдэт гущІэм кІуэ пэтми зэрызэфІэувар икІи, апхуэдэу екІуэкІмэ, мыгувэу екъуІэнкІэ кьаззэрыпэплъэр. Дэри абы дызэрыщыгугъым шэч хэлъхьым.

ЗэкІэ зэпеуэм бжьыпэр щауфыдащ пэщІэдзэ джэгуГуэитІми бжьгъэшхэжІэ ирагъэхьащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ ирыщІэу зэхэта джэгуГуэум кърикІуа бжьгъэхэм. Мис анэр: **«Мэхъэчкъалэ»** (Мэхъачкъалэ) - **«Форте»** (Таганрог) - **1:0**, **«Анжи»** (Мэхъачкъалэ) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:0**, **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Кубань-Холдинг»** (КрасноДар) - **2:4**, **«Интер»** (Черкесск) - **«ТІуапсы»** (ТІуапсы) - **3:2**, **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **3:0**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Краснодар) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **4:1**, **«Черноморец»** (Новороссийск) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **1:0**.

КьыкІэльыкІуэ джэгуГуэитІыр «Спартак-Налшыкым» нэгъуэщІ стадионхэм щрагъэкІуэкІынущ. Пщэдей, Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр кьхъыльымкІэ и етІуанэ зэпеуэм и 1/128-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ, ди щІалэхэр Ставрополь кьалэм щапэщІэтынущ щІыпІэ «Динамо»-м. Абы иужькІэ, етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым кьыкІэльыкІуэ зэІущІэр щыщхьэуІум и 23-м щрагъэкІуэкІынущ. А махуэм «Краснодар-3»-м дэджэгунущ.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2020 - 2021 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. **«Кубань»**	2	2	0	0	10-2	6
2. «Кубань-Холдинг»	2	2	0	0	6-2	6
3. «Анжи»	2	2	0	0	5-1	6
4. «Легион Динамо»	2	1	1	0	1-0	4
5. «Форте»	2	1	0	1	4-1	3
6. «Интер»	1	1	0	0	3-2	3
7. «Мэшыкъуэ-КМВ»	2	1	0	1	5-5	3
8. «Краснодар-3»	2	1	0	1	1-1	3
9. СКА	2	1	0	1	1-1	3
10. «Черноморец»	2	1	0	1	1-1	3
11. «Динамо-Ставрополь»	2	1	0	1	3-4	3
12. «Мэхъэчкъалэ»	2	1	0	1	2-4	3
13. **«Спартак-Налшык»**	2	0	1	1	0-1	1
14. «ЕсэнтІыгу»	1	0	0	1	0-2	0
15. «Биолог-Новокубанск»	2	0	0	2	2-5	0
16. «ТІуапсы»	2	0	0	2	3-9	0
17. **«Дружба»**	2	0	0	2	1-7	0

● Хъыбар гуапэ

КъБР-р щІыналъэ нэхъ къабзэхэм хохьэ

«Зелёный патруль» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Лъэпкъ экологиер зыхуэдэ щытыкІэр зэпщытэным ехьэлІауэ иригъэкІуэкІа кхъэутэныгъэм кърикІуахэр зэхалъхьажащ. Абы кьиГъэлъэгъуащ 2020 гъэм и гъатхэм Лъэпкъ къабзагъэмкІэ рейтингым япэ увыпІэр щызыІыгъ щІыналъэ 20-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэращыщыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫР 17-нэ увыпІэм щытщ, абы зымащІэкІэ къыжьэху 19-нэ хъуа Щэшэн Республикэр. Къэрэшей-Щэрджэсыр 26-нэ, Дагъыстэнэр 33-нэ увыпІэхэм щытщ. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэмрэ Ставрополь краймрэ рейтингым и увыпІэ нэхъ лъахъышэр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ.

«Зелёный патруль» зэгухьэныгъэм и къэпщытэныгъэм кьыщагъэлъэгъуа бжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуауэ унэтІыныгъищымкІэ ирагъэкІуэкІа кхъэутэныгъэхэр. Апхуэдэхэщ щІыналъэхэм щІыуэпсыр зэрыщахъыуэр, промышленно-экологие, социально-экологие щытыкІэхэр зыхуэдэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытращащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтынымгъэр хуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 1.973
Заказ №1656